Mweya Mutsvene Wakapuwirwei?

Ndiri kuoona, Hama Neville vanotenda mukuisa maoko pamusoro pavanorwara.

Ndaona kuti ndine mivhunzo yakati kuti. Zvino, ndichaipindura mangwana husiku, nokuti handina nguva yokuitarisa manheru ano, pamwe mivhunzo paMharidzo yohusiku hwapfuura. Zvino, kana paine munhu ane muvhunzo pane imwe yeMharidzo, uyai nayo husiku humwe, ndozoitora husiku hunotevera.

2 Zvino, mangwana manheru ndichada kuti nditsvage, kana kuti, ndakatsvaga, vamwe vaparidzi, kana zvichigona; kana zvisingaiti, ndingada varume kana madzimai vakasimba, vatingadana panguva dzatinovada, kuti pachinge paitika . . .

Mangwana manheru, mushure meMharidzo tichatanga kuisa maoko, uye, uye kuitira Mweya Mutsvene. Uyezve, kuchazova ne . . . Muno mukana wokugara pano kana muchida, nguva yezororo yose, kana zvikatora nguva yakareba kudaro kuti mufe. Zvino kana—kana, zvikasadaro, kana uchida kuenda kumba kwako, hongu, tingafara, kana ukaenda kunzvimbo yauno . . . Usingazivi kwokuenda . . .

Tinoda kutora vaparidzi, nenhamba dzavo kwavanogara, kana vari vashanyi; nhamba, dzopavanogara, patinokwanisa kuvawana nokuchimbidzika; toisa munhu kuimba yomumwe, nomumwe kuno mumwe, nomumwe kuno mumwe, kuti vakurairei, imi muri kutsvaga maropafadzo makuru awa atiri kutaura nezvawo, kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene.

3 Husiku hwapfuura taitaura, "kuti Chii," *Mweya Mutsvene Chii?* Takauona uri zvose, zvakavimbiswa naMwari kwatiri. U-u. MaUri takaona zvingadikanwa neChechi yaMwari. Takaona Uri chisimbiso, Munyaradzi, zororo, mufaro, norugare, nokumuka. Zvose zvakavimbiswa naMwari kuChechi Yake, zviri muMweya Mutsvene.

4 Zvino, manheru ano, tinoda kuparidza nezve, kana kutaura nezve, kudzidzisa pamusoro pe . . . Ndine mapepa matatu kana mana ezvinyorwa pano, kana Magwaro, pamusoro paWo pa . . . Husiku hwapfuura ndakasiya Cruden Konikodhenzi yangu pano, zvino handina kunge ndiinayo. Uye ndazongoita zvandinokwanisa nhasi naMagwaro. Zvino, uye mangwana . . . Husiku huno tichadzidzisa kuti: *Chii Chakanga Chiri Chinangwa Chokuti Mwari Atumire Mweya Mutsvene?*

Wakatumirwei? Kana Chiri chinhu chikuru kudai, Mwari wakaUtumisirei?

5 Zvino, mangwana husiku tinoda kutaura nezvokuti: *Ndowako Here? Uye Unouwana Sei? Uye Unoziva Sei Kuti wavaNawo?*

Ikozvino, kana tapedza kuzviratidza, muMagwaro, kutsanangura naMagwaro, tichishandisa Magwaro pazvinhu zvose, zvino avo vari kutsvaka Mweya Mutsvene vozouya mberi. Uye zvino ndine tariro yokuti rumutsiriro runenge rwatanga, kubva ipapo, kuti vaenderere mberi noMweya Mutsvene.

6 Zvino, sezvo mangwana manheru vazhinji vangasara kwechinguva mumarumu omuchechi, ndinoshuwa kuti dai tawana vaparidzi vakawanda navanhu vanoziva kutungamirira vamwe kugamuchira Mweya Mutsvene, tovakurudzira, kuti vaende mumba momukadzi nomurume wake, kana—kana nomumwe ari kutsvaga Mweya Mutsvene, vakadzidziswa zvakanaka zvokuita.

Dai mukapa nhamba dzefoni kana kero yenyu kumufudzi, nhasi kana mangwana husiku. Ipai Hama Neville, kuti tirege kupedza nguva nokuungana. Vapei nhamba yefoni pamungafonerwa. Muchitaura kuti, "Ndinenge ndiripo, uye kana isu . . . muchida kundiisa muiimba." Kana ari mu—mudzimai ari oga, tinotuma mudzimai, maona, kumudzimai uyu. Zvino, kana iri imba ine murume nomukadzi wake, zvino, tinotuma muparidzi.

Uye tingafara kuti muve munobatira pamwe, nokuti ndinoziva kuti, mose, munofadzwa neizvi, chinhu chinokosha kwazvo. Uye rangarirai, "Uyo anoponesa mweya pakudarika kwawo, aputira zvivi zvizhinji." Maona? Zvino Mwenga waKristu une nzara nenyota. Uri mumarwadzo, okuti ubereke vana vaMwari.

7 Zvino, husiku huno, tisati taverenga Magwaro, ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva tinamate. Uye tisati tanamata, imi makakotamisa misoro yenyu, mungava nechikumbiro here? Sumudzai maoko enyu muti, "Mwari, zvirokwazvo ndinosumudza maoko angu. Ndine chikumbiro. Ndinonamata kuti Mundibatsire. O Ishe." Mwari aropafadze mumwe nomumwe wenyu. Anoona maoko enyu. Ngirozi dzanyora zvikumbiro zvenyu.

8 Zvino, Baba vari kuDenga, tiri kuuya, kwaMuri zvakare mumunamato. Hatikahadziki, kuti munamato watoitwa navana vaMwari husiku huno, panzvimbo ino duku, uye nziyo dzaimbwa, uye tasimudza mwoyo yedu mumufaro wokurumbidza Mwari.

9 Davidhi akati achauya muungano yavatsvene kuti azivise zvido zvake. Uye husiku huno, kwasimudzwa maoko akawanda. Dzimwe nguva, zvichida, ndingati, zvikamu makumi masere

kubva muzana zvaavo vakagara muno husiku huno vasimudza maoko kuti vane zvikumbiro. Zvaratidza, Ishe, kuti hatigoni kufamba tisina Imi. Takafanira kuva Nemi zuva nezuva. Muri Hupenyu hwedu, mufaro wedu, hutano hwedu, simba redu rinotiraramisa. Hugaro hwedu, nhovo yedu, nenhovo yedu kumuvengi.

Hatigoni kukunda hondo dzohupenyu tisina Imi. Hatikwanisi kuzviita, tinofanira kuvimba Nemi zvakaperera. Nokuti, tinoziva kuti tin kufamba munyika ine rima musinganyatsooneki. Muvengi ari kutirwisa mativi ose, achiisa misungo nemiedzo. Nzira dzedu, Ishe, dzakazara nemisungo, yomuvengi kuti atikanganise.

10 Nesuwo, zvakare, tinoziva, kuti kumagumo orwendo tino mupata wakareba, unonzi rufu watichafamba mauri. O-o Ishe, ndiani achatibata maoko ipapo? Tinoda kuKuzivai ikozvino, Ishe. Tinoda kuziva kuti Makabata maoko edu, nesuwo takabata ruoko Rwenyu, kuti tive nokugutsikana kwakakwana kuti patinosvika panguva huru yokupedzisira muhupenyu hwedu, kuti patinopinda pasuwo rinonzi rufu, tigoti nomutsvene wakare, "Ndinomuziva musimba rokumuka Kwake, uye ndinoziva kuti paAchadana, ndichamuka kubva kuvakafa."

11 Zvino, Mwari Baba, tinonamata kuti Muropafadze zvikumbiro zvedu nokuungana kwedu. Ropafadzai Mashoko Enyu. Kana ndikataura chipi zvacho chingapesana neShoko Renyu kana kuda Kwenyu, Imi muchine simba rokuvhara muromo, sezvaMakaita mugomba reshumba maiva naDhanieri. Uye tinonamata, Ishe, kuti muvhure nzeve nomwoyo husiku huno, kuti, uye musike mavari nzara nenyota. Ngavave nenyota yokuti vatadze kuvata kana kuzorora, kusvikira Munyaradzi auya.

12 Tinotenda kuti tiri kurarama mumazuva okupedzisira, mumumvuri woKuuya Kwake. Uye ndizvo zviri kunongedzerwa neMharidzo idzi, Ishe. Kuti vanhu vachenjere, vatore yambiro. Uye dai, husiku huno, tangobvisa makwande, ikozvino, toatsveta parutivi rwebhenji, toti, "Ishe Mwari, ndinogona kuKugamuchirai. Regai Mweya Wenyu ufambe mandiri, undiumbe sokuda Kwenyu. Ndichapira mwoyo wangu, simba rangu, nezvose, zvangu nokuda Kwenyu."

13 Tinzwei, Ishe. Hatizi pano kuti tionekwe, husiku huno huri kunaya. Hatizi pano nokuti hatina kumwe kwokuenda. Tiri pano nechinangwa chimwe chinokosha, chitsvene, mumwoyo yedu, chokuti, tiswedere pedyo Nemi, tichiziva kuti Makavimbisa kuti kana tikaswedera kwaMuri, Imi muchaswedera kwatiri. Uye ndicho chikonzero tiri pano. Uyo anouya ane nzara haadzokeri nenzara. "Vakakomborerwa vane nzara nenyota yokururama," ndizvo zvakataurwa naJesu, "nokuti vachagutiswa." Kana tikakumbira chingwa, hatingagamuchiri dombo. Tinako

kuvimba ikoko. Uye tikakumbira hove, hatigamuchiri nyoka. Asi, Mwari Baba vedu vachatipa Mana yokuDenga, Shoko Ravo noMweya Wavo zvinovapupurira. Pindurai minamato yedu, Ishe, nezvikumbiro zvedu, tichimirira zvakare paMuri. MuZita raJesu Kristu tanamata. Ameni.

14 Zvino, imi muri kunyora Magwaro aya, kana mukavhura neni zvakare kuna Johane, chitsauko 14. Tinoda kutangisa pachitsauko 14 chaJohane. Zvino ngatitangei pandima 14, Johane 14:14, tiverenge chikamu cheGwaro iri. Zvino, apa muchaona zvizhinji zvezvandichataura nezvazvo husiku hwanhasi.

15 Uye rangarirai, imi muna maBhaibheri ana mavara matsvuku, izvi, zvakanyorwa namavara matsvuku. Ndiwo Mashoko akataurwa naJesu paChake, zvino nokudaro tinozororora tiinako kuvimba kuti zvichaitika sezvaAkataura achiti. "Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko Rake haringatongopfuuri."

Zvino tichaverenga kubva pandima 14 yechitsauko 14.

Kana muchikumbira chinhu kwandiri muzita rangu, Ndichachiita.

Ivimbiso yakaropafadzwa zvakadini!

Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu.

Neni ndichakumbira Baba, vachakupai mumwe Munyaradzi, kuti agare nemi nokusingaperi;

Ndiye Mweya wazvokwadi; nyika haigoni kumugamuchira, nokuti haimuvoni, kana kumuziva, . . .

Zvino, imi vangadai vachiverenga muBhaibheri rechiGiriki, munozviona apa, kwete . . . *Kuona* kunoreva "kunzwisisa." "Nokuti nyika haigoni kuMunzwisisa." Ichi ichokwadi chaicho. Regai ndiverenge zvakare.

Kunyange Mweya wechokwadi; uyo nyi . . . wechokwadi; nyika haigoni kumugamuchira, nokuti haimuvoni, kana kumuziva: asi imi munomuziva (ani? Munyaradzi); *nokuti ugere nemi* (ikozvino), . . . *ugere nemi, uye uchava mukati menyu.*

Chii Ichocho? Munyaradzi mumwe chete.

Handikusiyi muri nherera: Ini . . .

Mose munoziva kuti "Ini" inomirira munhu.

Ini ndinovuya kwamuri.

Kuchine nguva duku, nyika haichazondivoni; asi imi . . . asi munondiona: nokuti ini ndiri mupenyu, nemivo muchava vapenyu.

Nezuva iro muchandiziva kuti ndiri muna Baba, nemi mandiri, neni mamuri.

Ndipo pachava nomwoyo wepfungwa yangu, asi tichaverenga pamberi zvishoma. Regai ndiverenge izvozvo, zvakare.

Nezuva iro (zuva guru, rokutongwa), *nezuva iro muchaziva kuti ndiri muna Baba, nemi mandiri, neni mamuri.*

Une mirairo yangu, akaichengeta, ndiye unondida: unondida uchadikanwa naBaba vangu, neni ndichamudavo, ndichazviratidza kwaari.

Judhasi usati ari iye Iskarioti, akati kwaari, Ishe, ndokudiniko kuti muchazviratidza kwatiri, musingazviratidzi kunyika?

Ndiyo, *kosimosi*, "mamirire enyika." Kana uine Bhabheri rine zvinyorwa kumucheto, uchaona. Mune rangu zviri pana "g," Uye rinoti, "*kosimosi*, kana mamirire enyika." Ndiwo machechi, nezvimwe, maona.

. . .ndiko kudiniko kuti Muchazviratidza kwatiri, kwete kwavari? Munozviita Sei?

Jesu akapindura akati kwaari, Kana munhu achindida, achachengeta shoko: rangu: (ameni!) *naBaba vangu vachamuda, tichauya kwaari, tikaita hugaro hwedu maari.*

Asingandidi haachengeti mashoko angu: . . .

Ungangochengeta mashoko echechi; asi kuchengeta mashoko Ake, maona.

. . .*shoko ramunonzwa harizi rangu, asi nderaBaba vakandituma.*

Zvinhu izvozvi ndakakuudzai, ndichigere nemi.

Asi Munyaradzi, anova Mweya Mutsvene, uchatumwa naBaba muzita rangu, iye uchakudzidzisai zvose, nokukurangaridzai zvinhu izvi zvose (ndiwo, Mashoko Ake.) *kukurangaridzai, zvose zvandakareva kwamuri.*

Zvino chikonzero chei Mwari akatumira Mweya Mutsvene? Dai Awedzera maropafadzo Ake kuShoko Rake.

16 Jesu akataura, kuti, "Nezuva iro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, naBaba vari maNdiri; nemi muri . . .Ini ndiri mamuri, nemi muri maNdiri." Zvino, kana tiri kuzotaura izvi . . .

17 Zvino, rangarirai, izvi zvichaiswa patepi.

Murume weChristian Businessmen wokuLouisville, akandidaidza nguva shoma ichangopfuura. Akati, "Zvinonzwisa tsitsi, Billy, kuti Mharidzo idzi, seyawakaparidza husiku hwapfuura, haisviki kumakumi mana ezvuru panzvimbo yezana

namakumi mashanu, kana mazana maviri, kana mazana matatu avanhu vari patabhernakeri yenyu diki."

18 Ndikati, "Changamire, pamwedzi mitanhatu kubva zvino, kana Jesu akanonoka, pasi pose vachanzwa izvozvi." Maona?

Matepi awa achasvika munyika dzose, maona, pasi pose. Uye, nokudaro, tiri kudzidzisa zvatinotenda pano kuti iChokwadi, uye zvatakaona kuti Mwari akasimbisa kwatiri kuti iChokwadi.

19 Zvino, chinangwa, chaiva—chaiva chinangwa chaMwari pakutumira Mweya Mutsvene chii? Zvino, ndazvinyora pasi, Johane 14, kutanga pandima 14, uye tichiverenga chitsauko chose, kuti tiwane nheyo. Taona apa, kuti chinangwa chaMwari, pakutumira Mweya Mutsvene, chaiva chinangwa chimwe, chokuti Mwari paChake agare Muchechi Yake achienderera mberi kuita nezvaAkaronga ari muChechi. Kuti, Mwari aiva muna Kristu, achienderera mberi nohurongwa hwaKe ari muna Kristu; kubva muna Kristu, akapinda muChechi, akaenderera mberi namabasa Ake ari muChechi.

20 Zvino, tinoziva kuti Mweya Mutsvene chii. Takaona, husiku hwapfuura, kuti NdiMwari.

Zvino, kana tichifunga nezvaMwari, Baba, sokutaura kwaitwa naJesu pano, Baba Vake; Mwari, Mwanakomana, saJesu; Mwari, Mweya Mutsvene, sokudaidza kwatinoUita nhasi. Zvino, izvi hazvirevi kuti kuna vanamwari vatatu, vakasiyana. Zvinoreva kuti ndiMwari mumwe ari mumashandire matatu.

Regai titaure tichidai. Zvose Mwari zvaaiva, Akazvidurura muna Kristu, nokuti zvose zvaAri AkaZvidurura muna Kristu. "Uye Kristu ndiko kwaiva kuzara koHumwari munyama." Jehovha zvose zvaaiva, Akazvidurura muna Kristu.

Uye zvose Kristu zvaaiva, Akazvidurura muChechi; kwete mumunhu mumwe, asi muMutumbi wose. Naizvozvo, patinoungana muhumwe, tine Simba. Zvose zvaiva Mwari, zvaiva muna Kristu; uye zvose zvaiva muna Kristu, zviri mauri.

"Nokuti Mwari akaitwa nyama, akagara nesu." Timotio Yokutanga 3:16, kana muri kunyora, "Pasina gakava chakavanzika chohumwari chikuru kwazvo: chokuti Mwari wakaratidzwa munyama, takaMubata. Mwari, Jehovha, akaitwa nyama, akafamba panyika, tikaMuona namaziso edu."

21 Munoziva, muchitsauko chimwe ichocho, chaJohane 14, Firipo akati, "Ishe, tiratidzei Baba, zvigotiringana."

22 Jesu akati, "Ndakava nemi nguva yose iyi, Firipo, hausati waNdiziva here? Kana waona Ini, waona Baba. Zvino unoreva sei kwaNdiri uchiti, 'Tiratidzei Baba'?" Mwari akaitwa nyama.

23 Zvino hezvi. Tiri kuti, Baba ndiMwari aiva pamusoro penyu. Tiri pano kubva panguva yaAdama. Mwari, Baba,

Waitungamirira Mosesi navana vaIsraeri, ari muShongwe yoMwoto. Zvino, Mwari akazova nesu, muna Kristu; akafamba nesu, akataura nesu, akadya nesu, nokurara nesu. Mwari pamusoro pedu; Mwari ainesu; ikozvino Mwari matiri. Zvose Mwari zvaaiva, zvakauya muna Kristu; zvose Kristu zvaaiva, zvakauya muChechi.

Chii? NdiMwari achishanda mauri. Kupi zvako pasi pose kana Achida kuti akutume, unenge uripo, achishanda mauri kuita kuda Kwake kwakanaka. Tinofanira kutenda Mwari zvakadini pamusoro pazvo! Mwari, Mweya Mutsvene, wakatumirwa chinangwa chokuti Mwari agare muChechi Yake, achifamba muchizvarwa chimwe nechimwe, achiita kuda Kwake Kutsvene.

24 Kana munhu achikuseka, haasi kuseka iwe, ari kuseka Uyo wakakutuma. Nokudaro Jesu akati, "Makaropafadzwa imi kana vanhu vachikupomerai zvakaipa zvose, nenhema, nokuda kweZita Rangu. Makaropafadzwa imi." Uye, zvakare, "Vose vanorarama zvakanaka muna Kristu Jesu vachatambudzwa."

Nokuti, Mwari paakazvizivisa paChake muna Kristu, vakaMuvenga. Vakanyanya, kuMuvenga ndiani? Yaiva chechi. Chechi ndiyo yakanyanya, kuMuvenga. YakaMuvenga kudarika zvidhakwa. YakaMuvenga kudarika vamwe vanhu vose. Chechi ndiyo yakaMuvenga. Zvino, nokudaro, kana muchiona *kosimosi*, "Mamirire enyika, nyika haina kuMuziva," zvinoreva, "chechi," sezvainodaidzwa "haina kuMuziva. Akauya kuno voKwake, uye voKwake havana kumugamuchira."

"Asi vose vakaMugamuchira, Akavapa simba kuti vave vana vaMwari, ivavo vanotenda muZita Rake." O-o, tinofanira kuMuda nokuMunamata sei! Chinangwa chaMwari, chokuda kuyanana!

25 Somufananidzo, tisati tasiya nyaya iyi, ngatitorei izvi; Mumazuva aRute, pamurairo wokudzikinura, Naome paakanga asiya nyika yake, nokuda kwamatambudziko, nenguva dzakaoma. Akaenda kunyika yaMoabi, yaiva navanhu vapakati napakati, maKristu asina kuperera. Nokuti, vaMoabi vakaberekwa kubva pamwanasikana waRoti, uye vaiva vatendi vezita bedzi, uye vakasanganiswa. Uye zvino, murume wake navanakomana vake vaviri vakafa. Uye munzira yokudzoka kumusha, Naome . . .Rute naNaome, munzira yokuenda kumusha, mumwe . . .Wavaroora vake, Oripa, akati ava kudzokera kunyika yake, kuna vamwari vake, kuchechi yake, nokuvanhu vake. Uye Naome akaedza kuti Rute adzokerevo, asi akati, "Vanhu venyu vachava vanhu vangu. Mwari wenyu achava Mwari wangu. Pamunofira, ndipo pandichafira. Pamunovigwa, ndipo pandichavigwa. Handidzokeri."

26 Ndipo apo munhu paanenge abata chiratidzo. Hazvina mhosva kuti vanhu vake vanoti kudini, "Uri kuenda uko

kundova munhu anosvorwa kana chimwe chakadaro." Izvi hazvina kukanganisa Rute. Paiva nechinangwa chaMwari chaida kuzadziswa.

27 Senzara yaunayo manheru ano yoMweya Mutsvene, chimwe chinhu chiri mauri, chiri kukudhonza, kuti chinangwa chaMwari muhupenyu hwako chizadziswe, sezvazvakanga zvakaita kuna Rute.

28 Inyaya yakanaka kwazvo! Handigoni kuti ndiisiye, kwekanguva. Munoziva murairo wokudzikinura, kuti apo Boazi . . . Munoziva rungano rwokukohwa kwakaita Rute mumunda akazofarirwa naBoazi. Asati amuroora, aifanira kudzikinura zvose zvakanga zvarasikirwa naNaome. Munhu chete aikwanisa kudzikinura Naome pachinhanho chake, pamurairo wokudzikinura, yaiva hama yapedyo; aifanira kunge ari hama asati adzikinura. Zvino uye ndiye aiva hama yake yapedyo. Zvino aifanira kuita chiratidzo chiri pachena, kunze kwesuvo, kana kupupura pachena kuti adzikinura zvose zvaiva zvaNaome. Zvino Boazi akazviita nokubvisa shangu dzake pamberi pavakuru, akati, "Kana paino munhu pano ane chinhu chaNaome, ndachidzikinura zuva ranhasi."

29 Ndizvo zvakaita Mwari, akachengeta murairo Wake. Mwari haateveri, haakupi mumwe murairo wokutevera Iye achitevera mumwe. Anochengeta mirairo Yake. Zvino, Mwari, kuti adzikinure chechi yakarashika, nyika yakarashika, zvisikwa zvakarashika; Mwari, Uyo asingagumi muMweya, kudzikinura vanhu vakarashika, Mwari Amene akava hama, Munhu, Mwanakomana waAkasika mumimba yaMaria. Zvino Akaita chiratidzo, kana kuti chapupu; kunze kwamasuvo eJerusarema, Akasumudzwa pakati peDenga nenyika, akafa, akadzikinura zvose. Mukudeura ropa, Akachenesa Chechi kuti Iye Amene agogaramo, nokuyanana, nokudyidzana nayo, kuyanana kwakaraswa mubindu reEdheni uko Mwari aiuya manheru oga oga, nguva yokuenda kuchechi.

Makamboona here kuti, Mwari aiuya mukutonhorera kwezuva, mukuvira kwezuva. Pane chinoitika kana kwotanga kusviba, vanhu vanofunga zvechechi nezvaMwari; maKristu. Uchiona kunyura kwezuva, unorangarira kuti zuva rako riri kudoka.

30 Mukutonherera kwenguva dzamanheru Aiuya oyanana navo. Uye Akarashikirwa nokuyanana, nokuti chivi hachina kumutendera kuti Adaro.

Naizvozvo Akaitwa nyama akagara pakati pedu, kuti Adzoke zvakare kumunhu, agogara maari, nokudzora munhu pakuyanana Naye zvakare, kuti munhu adzoserwe mvumo dzake dzaakapiwa naMwari. Ndizvo zvaAkaita.

31 Ndicho chinangwa choMweya Mutsvene. NdiBaba, zvakare, Mwari Baba vachigara mauri, vachiita basa Ravo, rokupedza

hurongwa Hwavo hwokudzikinura; vachishanda nomauri, vachikuita mushandi pamwe Navo; vachikupa nzvimbo, vachikupa chikamu chehama nehanzvadzi, vakarashika; vachikupa Mweya Wavo norudo Rwavo, kuti undotsvaka vakarashika, sezvaVakaita mubindu reEdheni. "Adhama, Adhama, uripiko?" Ndizvo zvinoita Mweya Mutsvene kumurume kana kumukadzi. Kana Ukabata pamwoyo yavo Ukagaramo, panoita nyota nenzara kutsvaka mweya yakarashika.

Ndiyo nhamo ine misangano yanhasi. Haina kukwana kwoMweya mairi, kuti vatsvake mweya yavakarashika iri kufa. Nhasi vanonyanya kutsvaka mbiri yezita, kana yechechi, kana yemba, kana yedhinominesheni, pachinhambo chehurongwa hokuponesa mweya yavanhu. Zvinonzwisa tsitsi sei! Tingaramba tiri panyaya iyi zvakanyanya.

Mwari wakaZvidurura muna Kristu. Hongu.

32 Kristu akazvidurura paChake muChechi. Nokudaro, zvino tarirai, "Nezuva iro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, nemi maNdiri, Neni mamuri. Nezuva iro muchazviziva." Nokuti, izvi, zvose izano rimwe chete rokudzikinura achidzika pasi, Mwari wakadzoka kuzorarama, nokugara nesu, nokutaura navanhu Vake, sezvaAkaita pakutanga.

Zvino, kana, Amisa Chechi Yake kuti akwanise kutaura nayo, kusvitsa Chechi pokuti Anogona kuzvidurura nomairi, norudo, nokunyengetedza, nokuyanana, ndipo panozouya Edheni. Anozotora Chechi Yake kuenda nayo Pa—PayakaMusiyira, kuEdheni zvakare, payakawa. Ika, zvino . . . Ndipo paYakatangira, kana kuti payakawa. Ndipo chaipo palchadzorerwa, nokukwana kwose kwokudzikinurwa, kuvadzorera kunzvimbo iyi zvakare.

33 Chechi yavapo panyika kwenguva yati rebei. Uye Chechi, zvazviri, mushure mokuvandudzwa, kwamakore churu namazana mashanu enguva dzerima . . . Luther ndiye muvandudzi wokutanga kuvapo mumashure mavaapostora. Uye zvino pakauya Luther, Mwari akabvumira chikamu chiduku choMweya akaUdururira muChechi, mukururamiswa. Uyezve mumazuva aWesley, Akadurura Mweya Wake Amene wakati wandei, mukucheneswa. Uye chizvarwa chichikura, kuenda kumagumo, Mwari akanga ari kuzadza Chechi Yake. Ingotarira kose-kose uone kuti iChokwadi here, kana kwete.

34 Tarira chizvarwa chaLuther, imi vanoverenga nhoroondo, tarisai rumutsiriro rwavo nezvavakaita. Onai kuti rumutsiriro rwaWesley rwakanga rwakakura zvakadini, vaiva nesimba rakawanda zvakadini, asi vari vashoma havo. Tarisai mumazuva ePentekosti, kuti vaiva norumutsiriro rukuru, zvakadini, zvakapararira zvakadini.

35 Zvakare, *Sunday Visitor*, rinova pepanhau reKatorike, rakapupura kuti maPentekosti akatendeutsa mirioni imwe,

namazana mashanu ezvuru mugore rimwe, zvikakunda machechi ose abatanidzwa. Makatorike vakashanduka, vachiti, vane mirioni vakatendeuka. Mupepa ravo *Sunday Visitor*, rinonzi *Sunday Visitor*, rakapa sitatimende kuti maPentekosti akavakunda.

Uye, rangarirai, kutendeuka kwePentekosti kutendeuka kwokuzadzwa noMweya Mutsvene. Vakatanga, vari vashoma, vaimira mumikoto, ne—negitare dzaru. Uye vakadzi havaikwanisi kutenga kana masitokonisi. Vairara kunjanji dzezvitima, vachinhonga gorosi nokurikuya, nokugadzirira vana vavo chingwa. Asi zvakazovei? Chechi yakasimba kudarika dzose panyika nhasi, kwete mumaziso enyika, asi mumaziso aMwari, nokuti Anozviratidza nezvaAnovaitira. Ari kuZvidurura mavari, kuUdurura mavari.

36 Tarisai zvino chii chakaitika, Mwari akazvidurura paChake mavari. Zvino Chechi yasvika panzvimbo, kubva pana Luther, Wesley, uye rumutsiriro ruripo namaPentekosti; zvino muchizvarwa chino chatiri kupinda, noMweya Mutsvene mumwe chete, wakangopamhidzirwa bedzi. Zvino, pakaponeswa vechiLuther, vakawana chikamu choMweya Mutsvene. Pakacheneswa maMethodisti, raiva basa roMweya Mutsvene. Maona, chaiva chikamu choMweya Mutsvene. "Ivo pasina isu havangakwaniswi," ndizvo zvinotaura Gwaro. Maona?

37 Zvino, Mwari, seChiedza akatanga kupenya mumazuva okupedzisira, Ari kutitarisira, kuti tiite chinhu chikuru. Nokuti, "Avo vakapiwa zvakawanda, vanotarisirwa kupa zvakawanda." Naizvozvo Anotitarisira kuita zvakawanda kudarika zvaakatarisira maLutherani kana maMethodisti, nokuti tiri kufamba muChiedza chikuru, chine Simba rakanyanya, chine . . . cha—chapupu chikuru kudarika chavaiva nacho. Naizvozvo, tine chapupu chikuru chokumuka kuvakafa. Tine zvinhu zvakasimba, zvechokwadi kudarika zvavo.

38 Zvakafanana nokutaura kwandakaita kuLutheran koreji, nguva pfupi yakapfuura.

Vakati, "Ko isu tinei?"

Ndikati, "Mumwe murume wakarima munda wegorosi. Chipande chokutanga chakabuda, akati, 'Ndinotenda Ishe nokuda kwe—kwembeu yegorosi!' Akanga, achazova nayo, asi akanga ainayo mukutanga kwayo ichangomera. Nokufamba kwenguva, yakazova dzinde."

Muchekechera ukabuda pairi, yaiva Methodisti.

39 Kana Ukacherechedza zvisikwa, unoona Mwari achishanda. Pane chakavanzika chiripo chinotsigirana neshumiro yangu. Maona? Izvi, kucherechedza zvisikwa, kuti zvinofamba sei, chizvarwa chipi uye inguva ipi, unogona kuona nguva yauri kurarama. Cherechedza chizvarwa.

40 Zvino, ivo, maMethodisti, vaiva muchekechera. Vakatarira shure kumaLutherani, vakati, "Tine kucheneswa; asi imi hamuna chamunacho maZviri."

Nokufamba kwenguva, kubva pamuchekechera uya, kubva paMethodisti, pakazobuda mbeu ye. . . Hura yegorosi. Yakanga iri Pentekosti.

Mazvionaka, kururamiswa, nderimwe danho Racho. Kucheneswa, nderimwevo danho Racho. Mweya Mutsvene, rimwezve danho Racho; Pentekosti. Luther, Wesley, Pentekosti.

41 Zvino koPentecosti? Ndinoifananidzira, nokuti, muPentekosti, makabuda, kwete shizha dema, kwete muchekechera, asi. . .

Asi hura haingati kumuchekechera, "Handina basa newe." Kanavo, muchekechera haungati ku—kushizha, "Handina basa newe," nokuti hupenyu hwaiva mushizha ndihwo hwakaumba muchekechera. Hupenyu hwaiva mumuchekechera ndihwo hwakabudisa hura.

Chechi yamaLuther ndiyo yakabudisa chechi yaWesley. YaWesley ndiyo yakabudisa Pentekosti.

Zvino, Pentekosti, chii? Kudzorerwa kwembeu imwe chete yakasimwa pakutanga, ichidzosa kuzara kwose kweSimba rePentekosti, norubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, maona, pamazuva okupedzisira. O, chinhu chikuru, kutarisa, kutenda nokuzvitarisa.

42 Zvino muchizvarwa chatiri kurarama, chino, chinopfuura Pentekosti.

Pentekosti yakazviitira sangano, ikatanga kuzvirumbidza nezvokunyepera zvavasiri pamusoro pamasangano, "Tiri *izvi* uye tiri *izvo*." Ndihwo hunhu hwacho. Hapana zvaungaita. Hunhu hwavo. Vanodaro. Hurongwa, hwavo kuti vadaro.

Asi Chechi yakaramba ichifamba. Yakapinda muzvinhu zvikuru, zvine simba. Kudzoreredzwa kwezvipo.

Vanhu vazhinji vePentekosti havatendi mukunamatira vanorwara, kushanyirwa neNgirozi, namasimba aMwari. MaPentekosti mazhinji vanoti zviratidzo izvi zvandinoona, "madhimoni." Masangano mazhinji ePentekosti, havadi kuva nechokuita Nazvo. Maona, tapfuura ipapo. SamaMethodisti akati maPentekosti, "mipengo," pakutaura nendimi. Sezvakaita maLuthereni akati maMethodisti, "mipengo," pakudaidzira nomufaro. Maona?

Asi zvose kwaiva kuuya kwoMweya Mutsvene, kusvikira Chechi huru yazadzwa zvakanyanya, hareruya, [Hama Branham vanorova papurupiti kaviri—Mupepeti.] namasimba Makuru aMwari. Dzamara, zvasvika pakuita mabasa chaiwo akaitwa naJesu achionekwa muChechi. Tava padyo, shamwari.

43 Regai ndimire pano, zvishoma, tione kuti Mwari chaakaisira Mweya Mutsvene muChechi chii, ndikupei mumwe mufananidzo kuti muzive. Kare muTestamende Yakare kana mwa—mwana . . .

Munhu aizvivakira musha. Otora mwenga wake, ndicho chinhu chokutanga.

Ova nomukurumbira, sesangano. Zvakanga zvakanaka.

Chaitevera, kwaiva kuzvarwa kwomwana mumba umu. Ndipo apo Mweya Mutsvene, maona, humwe hupenyu hwaiuya, aiva mwanakomana. Mwanakomana uyu, akanga asati ava nesimba rose, kana kuva mugari wenhaka dzamara asvika rimwe zero. Uye aifanira kutanga, aedzwa. Hongu.

Zvino vaiva nomurairo wokugadzwa. Kunemi vaparidzi, "kugadzwa kwomwanakomana," ndiko kwandiri kutaura, maona, zvino kana asvika panguva yokugadzwa. Jesu akapa mufananidzo wacho wakanaka, paGomo Rokubwinya.

44 Sezvandati, Mwari haambodariki mirairo Yake kuti aite chimwe chinhu.

Kana une tsime pagomo *iri*, richipfachura mvura mudenga, uye pane rimwe gomo riri *apa*, une mbeu dziri kutsva. Unogona kumira pagomo iri uchidaidzira kuti, "O-o, mvura, uya kuno udiridze mbeu yangu! O, mvura, svika pambeu yangu!" Hazviitiki. Asi ukatevedzera murau wokuerera kwemvura, unogona kudiridza mbeu idzi.

45 Kana uine munhu anorwara pano, kana mutadzi akagara apano, kana munhu anoda kuita zvakanaka, anotadza kuregedza hwahwa, akonewa kurega fodya, akonewa kurega ruchiva nezvimwevo. Kana ukaita sokuraira kwaMwari, worega Mweya Mutsvene uchipindamo, zvino haachisiri wake. Iye, acharega chinhu ichi, nokuti Mweya Mutsvene uchatora hupenyu hwake. Asi unofanira kushanda sokuraira kwaMwari, kutevedza mirairo yaMwari.

46 Zvino, muTestamende Yakare, mwana uyu paaizvarwa, vaimira kuti vaone, kuita kwake, tsika dzake.

Zvino baba vacho, vaine mbiri yamabhizimisi panguva iyi, dzimwe nguva vava namakore ari kumakumi mana kana makumi mashanu, akanga asina nguva iye yokudzidzisa mwana uyu, pachake, nokudaro aitsvaka . . . Mazuva iwawo vakanga vasina zvikoro zvoruzhinji sezviripo nhasi, zvino vaitsvaka wavanoti "murairidzi," kana kuti "muchengeti," ticha wechikoro. Mudzidzisi uyu ndive nyanzvi yaaikwanisa kuwana, akatendeka aiudza baba vacho chokwadi pamusoro pomwana.

47 Uye zvino mukomana uyu paaisvika rimwe zero, ngatiti, akura, kana mukomana uyu aiva mupanduki, asina kunaka, asina hanya nebasa rababa vake; zvaaingofunga kupaparika nokufamba famba namadzimai, kana—kana kunwa, kana

kutamba njuga, kana kutamba mabhiza; mwanakomana uyu kunyange zvake aiva mwana, asi havaimugadza nhaka pazvinhu zvose zvababa vake.

Asi kana akanga ari mukomana wakanaka, achiita basa rababa vake, akaratidza kuti mwana kwaye, vaizoita mutambo. Vaizouya nomukomana uyu mumugwagwa vomupfekedza nguvo chena, vomugadza pakakwirira kuti guta rose rione. Vozoita mabiko nemhemberero, zvino baba vozoita mutambo wokugadzwa. Vogadza mwanakomana wavo pabasa ravo, zvino mwanakomana wofanana nababa. Neimwe nzira, dai ari nhasi, zita romwana pacheki raingofanana nerababa.

48 Zvino onai zvakaita Mwari. Pakaberekwa Mwanakomana Wake, Akamurega Achikura kusvika makore makumi matatu, achiMuongorora, kuMuedza. Zvino AkazoMupa makore matatu emiedzo yakaoma. Mushure memiedzo iyi, Akaona kuti Mwanakomana Aiita basa raBaba; paGomo Rokubwinyiswa, muBhuku raRuka; Akatora Petro, Jakobho, naJohane, zvapupu zvitatu, ndokukwira pamusoro pegomo, ipapo Mwari ndokuita mirau wokugadzwa. Iye . . . Vakatarisa kudenga vakaona Jesu, hanzu Dzake dzikabwinya semheni. NeGore richiMuputira, Inzwi rakabuda muGore, richiti, "Uyu ndiye Mwanakomana Wangu Anodikanwa; Munzwei. Ndochigara pasi zvino handisisina chokutaura. ZvaAri kutaura mutemo neZvokwadi!"

49 Zvino chechi yakapinda nomukudzidziswa uku. Vakazvibatanidza shure uko, kare kare, ikava dhinominesheni, sangano. Asi, cherechedzai, pane chakabuda pakuBereka uku. Zvino zvasvika pokuti chechi yePentekosti, ine kuberekwa patsva, yakaongororwa nokuedzwa. Zvino zvava kusvika pokuti . . . Mwari haashandi neChechi sesangano. HaAshandi neChechi se—seboka ravanhu.

Anoshanda neChechi nomunhu mumwe nomumwe, ari muChechi. Zvino yava nguva . . . Uye hazvina kuvanzwa; tose tinozviona. Kana munhu akaratidza, uye Mwari akamuda, Anomutora kuenda naye kunze. Ipapo pamberi paVatumwa Anomuitira chimwe chinhu. Anomusimudza kumusoro muHupo hwaMwari, omupa zvipo, omuzadza, omutsaura. Ndicho chizvarwa chatiri kurarama.

50 Mweya Mutsvene mumwe chete wakaponesa maLuthereni; wakachenesa maMethodisti; wakabhabhatidza maPentekosti; uri kuisa hurongwa hwokuUya kwaShe Jesu. Zvichava, nesimba rakanyanya, Mutumbi uyu, uchauya muBoka iri, reChechi, zvozodhonza vose kubva mumakuva. Kuchava nokumuka kuvakafa. Ndizvo zvakapuwirwa Mweya Mutsvene. Mweya Mutsvene chii? "Pasina isu havagoni kukwaniswa." Vakararama rimwe zuva, pasi peizvozvo. Isu tiri mune rimwe zuva.

"Kana muvengi wouya sedutu, ndicha . . . Mweya waMwari unosimudza chiero kumurwisa." Maona? Tava mune rimwe zuva rino . . .

51 Kare, vakanga vasina kuchenjera sanhasi. Havaigona kugadzira bhambu reatomiki kana motokari. Vakanga vasina zvesainzi nezvinhu zvatinazvo nhasi, asi, uye zvinhu zvisinganzwisisiki; kuedza kutaura kuti munhu akabva, muhuruva ezvimwevo, uye voedza kuzvitsigira, kuedza kuratidza kuti vanhu vasatenda.

Asi zvino, kana tichiUda, Mweya waMwari unosumudza chiero. Chii? Ari kudurura Mweya Wake. Zvino, vakazorora mumakuva, kana pasi pearitari yaMwari, sezvinonzi neGwaro, vari kuchema vachiti, "Kusvikira riinhi, Ishe? Kusvikira riinhi? Kusvikira riinhiko?" Mwari akamirira ini newe. Chechi yakamirira ini newe. Nguva yokugadzwa, panodurura Mwari matiri uzaro Hwake, Simba Rake, Kumuka Kwake, kuti kana Chechi naKristu zvanyatsobatana zvokuti Kristu anoonekwa pakati pedu, achimutsa vakafa, tichapinda muKubvutwa.

52 Zvino tichataura kuti, tichakuratidzai shure kwechinguva, kuti avo vakazadzwa noMweya Mutsvene ndivo vanopinda muKubvutwa, "Nokuti vakafa vose havararami kwechiru chamakore." Ndizvozvo. Avo vakazadzwa noMweya Mutsvene ndivo chete vanopinda muKubvutwa. Zvino, Mwari akapa Mweya Mutsvene . . .

53 Ndine rimwe Gwaro pano, kuna Johane 14:12. Igwaro rinozivikanwa kwazvo patabhernakeri pano.

"Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
Anotenda kwandiri . . ."

Zvino, usarega inzwi rokuti "kutenda" richikukanganisa. Muchechi zvayo, ungati, "Hongu, ndinotenda. Chokwadi, ndinotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari." Dhiabhorosi anotendavo. Ndizvo chaizvo. Bhaibheri rinoti anotenda.

Asi Gwaro rinotaura, kuna Johane, kuti, "Hakuna munhu angati Jesu ndiKristu, kusara noMweya Mutsvene chete." Unawo, zvirokwazvo, naMagwaro . . . Regai ndimire pano kwekanguva, ndisati ndapedza kuverenga. Hausati watendeuka kusvikira wagamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvozvo.

54 Uri kutenda "kudzamara." Mweya Mutsvene wataura newe, iwe woUpupura pachena. Dhiabhorosi anodarovo. "Ndinomutenda kuti Mwanakomana waMwari." Kana wakaipa anodarovo. Asi uri kufamba uchienda kwaAri.

Petro, paakadanwa akaruramiswa, nokutenda muna Ishe Jesu Kristu; pana Johane 17:17, Jesu akavachenesa neShoko, nokuti Shoko ndiro Chokwadi. Uye Ndiye akanga ari Shoko. Johane, yokuranga inoti, "Pakutanga Shoko

rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, Shoko rakanga riri Mwari. Shoko rikaitwa nyama, rikagara pakati pedu." Akanga ari Shoko, nokudaro Akavachenesa. Akati, "Baba," achitaura kuMweya waiva maAri, "Ndinovachenesa neShoko," Iye paChake, achiisa maoko Ake pavari. "Shoko Renyu ndereChokwadi." Akangotaura akavapo, mumimba yomudzimai; O, haakwanisi kuti Ave chimwe chinhu kunze kweShoko iri raMwari kuti Amuratidze. "Ndinovachenesa."

55 Akavapa simba pamweya yakaipa. Ikabva. Akanyora mazita avo muBhuku roHupenyu reGwayana. Akavatuma, Johane . . . Mateo 10, ndokuvapa simba pamweya yakaipa, vakadzinga mweya yakaipa, vakaita mamwevo mabasa, nezvakadaro. Vakadzoka, vachifara, vachiti, "Kana madhimoni ari pasi pesimba redu."

Iye akati, "Musafara nokuti madhimoni ari pasi pesimba renyu; asi farai nokuti mazita enyu ari muBhuku." Asiwo Judhasi aiva navo. Onai kuti anogona kusvika pedyo zvakadini; pedyo chaipo kupinda nomukururamiswa, kuenda mukucheneswa. Asi akaratidza hunhu hwake papi? Akaratidza zvaaiva papi? Pentekosti isati yasvika, akaratidza zvaaiva.

56 Tarisai, mweya wacho unonyatsoratidza hutsvene nokucheneswa sokukwanisa kwawo, kusvikira wava kusvika paMweya Mutsvene, ndipo paUnogumira. Ndiwo mweya wacho (hamumuoni here?) uchiuya, antikristu. Jesu akati, "Zvichange zvakafanana, mumazuva okupedzisira, zvichanyengedza Vasanangurwa chaivo dai zvichibvira." Asi, rangarirai kuti, Vasanangurwa chete ndivo vachazviona.

Mwari anodana nokusanangura. Iwe, haufari here kuti uri mumwe wavo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Hamufari here, imi vanhu vari pano husiku huno, muchinzwa kuti pane chimwe chinhu chiri kudhonza pamwoyo yenyu chichiti, "Ndinoda Mweya Mutsvene uyu. Ndinokudai, Ishe, mumwoyo mangu"? Chikonzero ndechokuti Mwari akanyora zita rako muBhuku reGwayana nyika isati yavapo. Akataura kudaro.

"Hakuna munhu anouya kwaNdiri," akadaro Jesu, "kusiya kunge Baba Vangu vamudana. Navose vanouya kwaNdiri, Ndichavapa Hupenyu Husingaperi." Hupenyu Husingaperi chii? Mweya Mutsvene. "Hupenyu Husingaperi," tarisa Shoko iri muchiGiriki, rinoti, *Zoe*. Zoe Mweya Mutsvene. "Avo vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri. Navose vanouya kwaNdiri, Ndichavapa Mweya Mutsvene, uye Ndichavamutsa pazuva rokupedzisira. Ndichazviita," Akadaro. Kwete zvokuti pamwe-uye-uye paZviri. "Ndicha. Vose vanouya; Ndichapa Hupenyu Husingaperi." Achamuka, nokuti une Hupenyu Husingaperi. Anototi auye. Haangafi sezvo Mwari asingafi.

57 O-o, shamwari dzangu dzinodikanwa munyika ino nomukaguta kano, dai ndaikwanisa, nenzwi rangu, kuisa

mumwoyo yenyu kukosha kwokugamuchira rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, chingava chizaruro chinoshamisa zvikuru chawati wambova nacho muhupenyu hwako. Kuona kuti . . . Munofanira kuzviita.

Rega ndijekese, zvandati, "Unenge usina kutendeuka."

58 Petro akanga akaponeswa. Achitenda muna Ishe, Akamutevera. Jesu akamuudza kuti aiva ani, akamuita kuti aMutevere. Akamupa simba pamweya yakaipa akamuchenesa. Asi shure kwazvose izvi, uye akava mutauri mukuru weboka ravo, sezvinonzi namaKatorike, "bhishopi wechechi, kana papa," kana zvimwevo, mukuru wechechi; asi Jesu akati, manheru okupandukirwa Kwake, "UnoNdida here, Petro?"

Akati, "Ishe, Munoziva kuti ndinoKudai."

Akati, "Chengeta makwai Angu." Akadaro katatu.

Petro akati, "Munoziva kuti ndinoKudai, ndinemi kusvika ku—kumagumo, uye ndichava parufu," nezvimwevo.

59 Akati, "Jongwe risati rarira katatu, ucha . . . jongwe risati rarira, unenge waNdiramba katatu." Akati, "Asi, Petro, ndakunamatira." Tererai. Hazvisizvo zvoga. "Ndakunamatira. Asi kana watendeuka, simbisa hama dzako."

"Kana watendeuka." Akanga adaidzira. Zvichida akanga adhanza ari muMweya. Iye, akanga aita zvinhu zvakawanda, asi akanga asati agamuchira Mweya Mutsvene. "Kana watendeuka, simbisa hama dzako," ichokwadi, "kuita hurongwa Hwake."

60 Zvino, regai ndipedzise kuverenga Johane 14:12. Zvino muchitsauko 14 ndima 12, Jesu akati, "Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwauri, anotenda . . . " Iwe usingakwanisi kutenda . . . "Anotenda maNdiri." Unogona kutenda *kwa*Ari. Vangani vanozvinzwisisa, muti, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

61 Munorangarira, kuti muna Mabasa 19. Handifariri kumirira pano, asi ndichangozvitaura sokuuya kwazvinoita kwandiri. Muna Mabasa 19, apo muparidzi weBhaptisti, aiva—gweta atendeuka, aiparidza vanhu vachiponeswa. Vaine mufaro mukuru, vachifarira nokudanidzira, pamusangano. Mabasa 18, Akwira naPrisira, takazvitaura manheru apfuura, vakaenda kundomuona. Vaiziva kuti munhu ane mbiri, mudzidzi. Airatidza neBhaibheri kuti Jesu aiva Mwanakomana waMwari, aingoziva rubhabhatidzo rwaJohane chete. Akanga asati aziva rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene. Nokudaro akati . . .

Akwira naPrisira, murume nomudzimai, vagadziri vamatende; raiva, basa raPaurovo, zvakare. Vakanga vagamuchira Mweya Mutsvene pasi pedzidziso yaPauro. Vakati, "Tine hama iri kuuya kuno. Ngaataure nesu zvishoma panyaya iyi."

Pauro auya akamunzwa achiparidza, akaziva kuti aiva mhare, akati, "Makagumuchira Mweya Mutsvene here kubva zvamakatenda?"

Vakati, "Hatizivi . . . kuti kwaizouya Mweya Mutsvene."

Akati, "Ko zvino," muchiGiriki inzwi racho apa rinoti, "makabhabhatidzwa sei?"

Vakati, "Takabhabhatidzwa kare naJohane muBhabhatidzi."

62 Zvino inzwai zvakataura Pauro. Pauro akataura, kuti, "Zvirokwazvo Johane aibhabhatidza kuti vanhu vatendeuke, kwete kuti varegererwe zvivi, asi kuti vatendeuke, uchipupura, kuti ndizvo zvaunotenda."

Kana wagamuchira Kristu soMuponesi wako, uri kutenda *mukuzo*bhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Hakuzi kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, hama yangu inodiwa yechiBhaptisti. Handizvo.

Imwe hama yakataura neni mumwe musi, akati, "Hama Branham," kana kuti dzimwe nguva dzakapfuura, mwedzi yakapera, akati, "Hama Branham, Abrahama akatenda Mwari, kukanzi kwaari ndiko kururama."

Ndikati, "Chokwadi."

Akati, "Munhu angaiteizve chimwe kunze kokutenda?"

63 Ndikati, "Ndizvo chete zvingaitwa nomunhu. Zvose zvaangaita nhasi, kutenda Mwari. Asi Mwari akamupa chisimbiso chokudzingiswa," takazviona manheru apera, "sechiratidzo chokuti agamuchira kutenda kwake maAri." Zvino, nhasi, kunze kwokunge Mwari . . .

Unotenda maAri kana waMugamuchira soMuponesi wako. Asi kana Mwari akupa chisimbiso choMweya Mutsvene, Akusimbisa noKusingaperi. Zvino imi maBhaptisti torai izvi, zvino ndinozobvumirana nemi nezve chengetedzo Isingaperi. Hongu, changamire. Nokuti, "Regai kuchemedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakaisirwa chisimbiso maari kusvikira pazuva rokudzikinurwa." Hamuna kusimbiswa nokutenda, asi makasimbiswa noMweya Mutsvene. VaEfeso 4:30, "Regai kuchemedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa." Zvinokusimbisa, kana wanzwirwa nyasha naMwari, uye Anokusimbisa noMweya Mutsvene.

Ndizvozvo, nokuti Bhaibheri rakati, "Hakuna munhu anoti Jesu ndiKristu, kunze kwokunge aino Mweya Mutsvene."

64 Ungati, "Ndinozvitenda nokuti zvakataurwa nomufudzi." Ndizvozvo, asi hazvikubatsiri. "Ndinozvitenda nokuti Shoko rinodaro." Ndizvozvo, asi hazvisiri zvako, haunei nazvo.

Nzira chete yaungati Jesu ndiKristu, kunge Mweya Mutsvene wauya mauri wopupura, nokuZvipupurira kuti, "Ndiye Mwanakomana waMwari." Ndiyo nzira chete yokuti uzive kumuka kuvakafa, kunge Mweya Mutsvene wauya uchipupura. "Kana Iye Mweya Mutsvene wauya, UchaNdipupurira, uchikuratidzai zvichauya; uchidzora, kundangariro dzenyu, zvandakataura." Hauzviwani muchikoro. Waona? Achakurangaridzai zvinhu izvi.

65 Zvino tinoda kuti verengei mberi zvishoma paGwaro iri, Johane 14:12.

> *Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Unotenda kwandiri, mabasa andinoita iye uchaaitavo; uye makuru . . .*

"Mazhinji," ndiyo dudziro chaiyo apa, kana muchida kutarisa.

> *. . . uchaita makuru kuna awa; nokuti ndinoenda kuna Baba.*

66 Kana Aenda kuna Baba, Mweya Mutsvene waizouya. Ndizvo here? Rimwe Gwaro rinoti, "Kana ndikasaenda, Munyaradzi haangauyi. Asi kana ndikaenda, ndichadzoka kuzova nemi, kunyangwe mamuri." Maona, ndiMwari anemi. Pamusoro penyu, kutanga; anemi, muna Kristu; ari mamuri, muMweya Mutsvene. Mwari mamuri.

67 Zvino, "Mabasa andinoita muchaaitavo," kwete rimwe basa. Asi Mwari anoda kuunza Mweya Mutsvene, mauri, kuti uenderere mberi nebasa rimwe chete raAkaita muna Kristu.

Basa racho rakanga risina kuwanda munguva yaLuther. Yakanga iri Chechi yaMwari. Rakanga risina . . . Rakanga rava kuenda richiwanda mumazuva aWesley.

Nokuti, "Nyika," Bhaibheri rakati, "ichashaiwa simba, asi ichichenjera, ichiramba ichiipa nguva yose." Tiri . . . Nyika iri kuramba ichiipa . . . Tinozviziva. Zvino, vanhu vanoita zvinhu nhasi zvokuti, makore zana apfuura wakanga usingafungi kuti munhu angaita utsinye hwakadaro. "Vachinyanya kuipa nguva yose, navakaipa vachiramba vachiipa, nguva dzose," ndizvo zvinotaura Gwaro, "kuipa nokuipa."

68 Nokudaro, Mweya Mutsvene wanga uchifamba. Kufamba Kwawo kuduku nguva yaLuther; ndokuti wedzerei kufamba Kwawo munguva yaWesley; ukazonyanya kufamba Kwawo muPentekosti; zvino hupenyu noMweya zvava chinhu chimwe. Zviri kubatana pamwe chete, zvichiunza kufamba koMweya Mutsvene sezvaWakaita kare, mukuratidza mabasa mamwe chete Wakaita kare, ari kuratidzwa nhasi uno, mabasa mamwe chete.

69 Inzwai zvakataurwa naJesu. "Zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Mwanakomana hapana chaanoita kusiya

kwokunge Aona Baba vachizviita kutanga. Zvinoitwa naBaba, Vanoratidza Mwanakomana. Baba vanogara maNdiri; Ndivo vanoita mabasa." Maona?

70 Zvino cherechedzai, hezvino zvimwe zvandinoda kutaura pano. "Sokutumwa," Jesu akati, "sokutumwa kwaNdakaitwa naBaba. Sokutumwa," zvino onai, "sokutumwa kwaNdakaitwa naBaba, Ndinokutumaivo." "SaBaba . . ." Baba vakaMutuma sei? Baba, vakaMutuma, vakadzika kubva kuDenga vakagara maAri.

Akaenda. Akati, "Ndinoita zvinofadza Baba Vangu nguva yose." Maona? Akaita zvinhu zvaaiudzwa naBaba kuti Aite. "Hapana chandinoita kunze kwokunge Baba Vangu vandiratidza." Baba vakamutuma, vakanga vari maAri. "SaBaba vakaNdituma, nenzira imwe chete yaNdakatumwa naBaba, nenivo ndinokutumai." Chii? Mwari mauri, achiita mabasa mamwe chete (kuitei?) mabasa mamwe, mamwe.

Jesu akati, "U . . .uyo *anotenda*, uyo aNeni mukati make, Mweya Mutsvene; *anotenda*, akatoona kumuka Kwangu kuvakafa, akaziva kuti Ndiri maari. Uyo ari maNdiri; kana achigara maNdiri, Mashoko Angu achigara mamuri."

71 Zvino ungati, "Ndiri muna Jesu; asi chokwadi handitendi kupodzwa nesimba raMwari." Zvinoratidza kuti haAmo.

72 "Ndinotenda muna Jesu; asi handitendi muMweya Mutsvene munguva ino, kwete sezvavaiva Nawo kare." Zvinoratidza kuti haAmo.

73 Mweya Mutsvene unopupura Shoko rose raWakataura. Haasi munyepi. Haatyi munhu kana sangano. Hapana Waanorerutsira. Anotaura, Omira ipapo.

Kana vapamusoro, vakasvibiswa, vakadzidza, kana sezvatinovadaidza, hurudza, kana vasingadi kuUgamuchira, "Mwari anokwanisa pamabwe aya kumutsa vana kuna Abrahama" Achatora matsotsi, nezvidhakwa, navose, ovamutsa. Mwari anogona kuzviita, uye Ari kuzviita. "Mwari anokwanisa pamabwe aya kumutsa vana kuna Abrahama." Pano mumwe achazviita, nokuti NdiMwari.

74 "Kana mukagara maNdiri, naMashoko Angu mamuri, kumbirai chose chamunoda," nokuti muri kukumbira Shoko Rake, uye Shoko Rake Hupenyu. Ritaurei. Kana Mwari akazvitaura, iwe une chokwadi kuti Akataura, Mweya Mutsvene unopupura kuti Shoko iri ichokwadi, zvino, wazvionaka, hama. Ritaure; ndizvo zvazviri. "Iti kugomo iri, 'famba.' Usapokana mumwoyo mako, asi tenda kuti zvawataura zvichaitika." [Hama Branham vanouchira maoko avo katatu—Mupepeti.] Hausiwe unotaura, asi Baba vanogara mauri; ndivo vanotaura. Hausiwe unotaura kugomo, ndiBaba vari mauri, vanotaura kugomo. Rinototi ribve. "Denga nenyika zvichapfuura," Akati, "asi

Mweya Wangu haunga . . . Kana Shoko Rangu harikundiki." Ndizvozvo, Haringapfuuri. Baba!

75 Zvino, "Mabasa andinoita." Mwari ari muChechi Yake, kuenderera mberi namabasa Ake. Ndicho chikonzero Akatuma Mweya Mutsvene. Nokudaro, Aizviziva. Iye, Aiziva kuti, hazvaizoitwa saizvozvo, kana nechimwe chakadaro, nokudaro Aitoti atume. Baba vakatuma Mwanakomana, vakaisa zvose zviri mumwa . . . Mwanakomana mauri. Mabasa Aakaita, mabasa chaiwo akaitwa naJesu, uchaaitavo, Chechi.

Haungadi here kuita mabasa aMwari? [Ungano, "Ameni."—Mupepeti.] Jesu akati, "Kana muchida kuita mabasa aMwari, tendai maNdiri." Unotenda sei maari? Haungazvigoni usina Mweya Mutsvene.

76 Nokuti, hakuna munhu anogona kuti Ndiye Mwanakomana waMwari; uri kutaura zvakataurwa nomumwevo. "Bhaibheri rakati Ndiye Mwanakomana waMwari; ndinotenda Bhabheri." Zvakanaka. "Bhaibheri rinoti Ndiye Mwanakomana waMwari; ndinotenda Bhaibheri. Mufudzi anoti Ndiye Mwanakomana waMwari; ndinotenda mufudzi. Mai vanoti Ndiye Mwanakomana waMwari; ndinotenda Mai. Shamwari yangu inoti Ndiye Mwanakomana waMwari; ndinotenda shamwari yangu."

Asi nzira chete yandingati Ndiye Mwanakomana waMwari, kunge Mweya Mutsvene wauya mandiri woZvipupurira, ndozoziva kuti Ndiye Mwanakomana waMwari. [Hama Branham vanogogodza papurupeti kana—Mupepeti.] "Hakuna munhu angati Jesu 'ndiKristu,' kunze kwokunge aine Mweya Mutsvene."

77 Uye hakuna munhu anotaura noMweya waMwari angati Jesu akatukwa, kana kuti Aiva kare zvaasiri ikozvino. ZvinoMuita kuva asina simba anozunguzika. Kwete, changamire.

Haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Mweya wose wechokwadi unopupura saizvozvi. Zvakanaka.

78 Zvino, Akati, "Mabasa aya andinoita muchaaitavo," Johane 14:12, zvino, mabasa mamwe chete.

"O-o," vanoti, "chechi inoita mabasa makuru nhasi." Nenzira ipi?

Akati, "Mabasa andinoita."

"Ivo," vanoti, "zvakanaka, asi tine mamishinari munyika dzose, ndiwo mabasa makuru."

79 Asi Akati, "Mabasa andinoita." Zvino chiaitai, tangai maaita, mozotaura nezvamamishinari.

80 Nhasi, ndichitaura pano nguva dzapfuura pamusoro pomurume muMohammedi, akati, "Mohammedi akafa."

"Hongu, ari muguva, asi achamuka rimwe zuva." Akati, "Kana amuka kubva muguva, nyika yose ichazviziva mumaawa makumi maviri namana." Akati, "Imi munoti Jesu akamuka zvuru zviviri zvamakore apfuura, asi hapana kana chidimbu chimwe muzvitatu chavanhu chinozviziva."

Zvinodaro nokuti unotaura uchishandisa pfungwa. Unotaura namaonere omuchikoro kana dzidzo.

Deno, chechi huru yaMwari yose iyi, kusanganisa maKatorike, maProtesitanti, pamwe chete, vakagamuchira Mweya Mutsvene, pasi pose pangadai pakasimba muchiKristu; pangadai pasina komunizimu. Pangadai pasina chinonzi gakava, kana ruvengo, kana kunyima, kana kuvengana. Jesu angadai akagara paChigaro Chake. Tingadai tichifamba muparadiso raMwari, tiine Hupenyu Husingaperi, tichirarama nokusingaperi; takamutswa kare mumutumbi mutsva, tichifamba famba kwose, tisingachemberi, kana kuita imvi, kana kurwara, kana kuita nzara; asi kufamba mumufaro waShe, tichitaura nemhuka. Uye, O-o; izuva rakadini! Asi takaita zvose kunze kwezvaa . . .

81 Akati, "Endai munyika yose muparidze Evhangeri." "Evhangeri rinoparidzwa sei? "Kwete Shoko chete, asi musimba rokuratidza Mweya Mutsvene." Kuti Shoko raMwari rionekwe, ndiyo Evhangeri.

82 Haukwanisi kuzviita. Zvino, Jesu aiziva kuti, Aifanira kugara muChechi Yake.

Nokudaro, Akaziva kuti tichazova nezvikoro zvedzidzo. Uye haumbowani izvi muchikoro chedzidzo. Vachapikisana Nazvo. Nokuti, zvavanongoziva chete idzidziso yomunhu, chitendwa kana dhinominesheni ravanoda ku—kurarama naro. Nokudaro va—vanokupinzavo vokuita nhengo yebhoka iroro, uye, hama, vokutsvagira zvinobva muchitendwa zvichiita sezvakanaka. "Chechi tsvene huru, mai vadzo, yakakunda kutambudzwa, yakakunda kurohwa." Ndizvo zvakaitavo dhiyabhorosi; akadzingwa kose kose, asi achiri kuenderera mberi zvakadaro. Hongu, changamire. O-o, vanoedza kutaura izvi.

83 Zvino Jesu aiziva kuti kuchava nezvedzidzo zvakawanda sezvaiva munguva Yake, vachigeza poto nendiro, nokupfeka hembe, makora akapindurudzwa, nokuita zvimwe zvose, sezvavakaita, zvinhu zvose zvavaizoita. Aiziva kuti vachazozviita, nokudaro Akati, "Zvino mirai zvishoma. Handikusiyei muri nherera, ndiri kudzoka zvakare kuzova nemi. Nokudaro," Akati, "mabasa andinoita, muchaaitavo."

84 Chikonzero chokutuma Mweya Mutsvene chaiva chokuti Mwari aenderere mberi achishanda neboka ravanhu, achiramba achiratidza Mwari kunyika. Ndizvo chaizvo. Kwete nechitendwa, kwete nedhinominesheni; asi neSimba roKumuka

Kwake, nokuita kuti Shoko Rake rive benyu; nokutora vimbiso Yake, uye kumira navashoma, uchitenda Mwari; chitarisa uone makore erima achibva, uye Simba raMwari richipinda nokutonga. Ameni. Ndizvo zvaAnoda. Ndizvo zvakatumirwa Mweya Mutsvene. Ndizvo zvaAkaUtumira. Zvino tava kuziva zvaUri, uye AkaUtumirei.

85 Nokudaro, hakuna rimwe ropa richageza vanhu. Handingakuchenesei, haungandichenesi, nokuti tose takaberekwa nokusangana kwomurume nomukadzi. Asi Jesu akaberekwa pasina kusangana kwomurume nomukadzi, ndizvo, nokudaro Ropa Rake rinochenesa. Mwari akadzika, akasika mutumbi, ndokugaramo, ndokudeura Ropa kuti atichenese, rikabvisa zvachose mhosva yechivi nenyadzi. Zvino, nokutenda, kutenda Izvozvo, Mwari anopinda mumutumbi womunhu, nokuchenesa kwairo Ropa, zvinomuita Mbeu yaAbrahama, nokutenda.

86 Kutenda kuti Ropa raizouya, Ropa iro dzvene raizova chishamiso seropa Rake, akamirapo shure kokunge "akwegura zvikuru." Akatenda Mwari kwamakore makumi maviri namashanu, iye ava namakore makumi manomwe namashanu, akatenda kusvika ava nezana ramakore. Sarah, ava namakore makumi matanhatu namashanu, akatenda kusvika ava namakore makumi mapfumbamwe. "Akanga akwegura zvikuru."

Zvino Mwari akati, "Kuti vanhu varege kuzvipotsa, muunze pano pagomo umuite chibayiro."

87 Akati kuvaranda vake, "Imi mirai pano nembongoro. Ini nomukomana tichaenda kundonamata, uye mwanakomana neni tichadzoka." O-o, uchazviita sei?

Abrahama akati, "Ndakamupiwa sowakabva kuvakafa. Uye ndinoziva kuti Uyo akandipa, sowakabva kuvakafa, anokwanisa kumumutsa kuvakafa kana ndikachengeta Shoko Rake. Kuchengeta, ndikachengeta Shoko Rake; Anogona kumutsa kuvakafa."

88 Zvichinyatsotaura Kristu! Ndiye Uyo. Uye nokuda kweRopa iroro kwauya Mweya Mutsvene, wakanga wakaZviputira mumutumbi unonzi Jesu. Ropa rakachenesa nzira, nokutenda, kudana vakadzikinurwa, kana Vasanangurwa vaMwari. Uye kana wagamuchira Izvozvo, Mweya Mutsvene unobvisa kunyima kose mauri, Unopinda mukati chaimo, Mwari paChake, kushanda chido Chake.

89 Mukati umu, mukuru webasa akaipa; nouyo *Nhingi* ari pano anoita *zvakati*; nomukuru *uyu* aitaura pamusoro Pazvo, achiZvipikisa. Munhu akazara noMweya Mutsvene anomira akatarisana nazvo. Ameni.

90 "Vakacherechedza. Vakanga vasingazivi uye vasina kudzidza, asi vakacherechedza kuti vakanga vaina Jesu." Ndizvo zvakauyira Mweya Mutsvene.

91 Murauri wehove akanga asingagoni kunyora zita rake. Asi akamirapo akati, "Toterera ani, munhu kana Mwari?" Ameni. [Hama Branhama vanouchira maoko avo kamwe—Mupepeti.] "Ngaazvizivikanwe kwamuri, kuti ticharamba tichiparidza muZita raJesu." A, kushinga kwakadini! Aiziva kuti iye—aiva noMusha mhiri. Ndizvozvo. Aiva mushanyi uye muenzi pano. Aitsvaka Guta raizouya.

Ko muprista munyengeri uya aikoshei kwaari? Aitongwa naMwari wokuDenga, akamutsa Mwanakomana Wake, Kristu Jesu, akamuzadza noMweya waMwari wakasika denga nenyika. Hezvoka. Haana kumutya. Kwete, changamire. Rufu . . .

92 Ko, pavakabata Stefano, vakati, "Ramba zvawataura!"

Akavati, "Imi vemitsipa mikukutu, musina kudzingiswa pamwoyo nenzeve, munodzivisa Mweya Mutsvene. Samadzibaba enyu, nemivo munodaro."

Vakati, "Tichakurova kusvika wafa!"

Akati, "Hazvikwanisiki kuti zvidaro mu . . .?"

"Tichakuratidza kuti tinozviita here kana kwete!" Vakatora mabwe makuru vakatanga kumuponda mumusoro.

93 Akatarisa kudenga, akati, "Ndaona Matenga achizaruka. Ndiri kuona danho richidzika. Ndiri kuona Jesu amire kuruoko rworudyi rwoUshe Hwake." Bhaibheri hariti akafa; rinoti akavata. O-o, imiwe! Ndinoona Ngirozi ichiuya, kuzomutora, ichimuvaraidza sorusvava, rwamai, kusvika avata. O, imiwe! Chokwadi.

94 Ndiro basa roMweya Mutsvene. Uye ndizvo zvawakatumirwa Mweya Mutsvene naMwari. Mweya Mutsvene wakauya kukupa Simba. Ndichine mamwe Magwaro pano, mirai kwekanguva. Mweya Mutsvene wakauya kukupai Simba. Ini—handi . . .Munogona kuzviona; handisi kunzwa kuita izvi, husiku huno.

Unokupa Simba, Simba rokunamata!

95 Tora munhu anorarama hupenyu hwakanaka, asi achikundwa nguva dzose. "O-o, ndinokuudza . . ." Munhu akanaka, "O-o, chokwadi, ndinoda Ishe, Hama Branham." Asi achingogarokundwa, hapana munamato unopindurwa.

Zadza mudzimai uyu muduku noMweya Mutsvene kamwe, ona zvinoitika. Kana achiuya kuna Mwari, haazokundwi. Anouya nokushinga paChigaro chaMwari, achitenda. Ane mvumo nokuti mwanasikana waMwari, nokuBerekwa kwake.

Tora murume uya, anotya kwazvo, anoitiswa zvose zvose nomukuru webasa. Anoti, "Mirai zvishoma apa." Pane

zvashanduka, maona, agamuchhira Mweya Mutsvene. Unokupa Simba. Hupenyu hwako hunozara neSimba.

Anokupa Simba mukutaura.

96 Ko, imiwe, vanhu vaya vaimbotya, vakamira ipapo; Petro, Jakobho, naJohane, Ruka, navamwe vose. Vakapinda mumba yapamusoro, vachiti, "O, hapana zvatingataura. Ivo, tarisa uone panze, tarisa apo uyo Chiremba *Nhingi nanhingi* pasi apo. Uyo Rabbi *Nhingi nanhingi*. Munoziva, kuti ane madhighiri mana okucollege; tichamupikisa sei?" Petro akati, "O-o, ndiri kurangarira ndichitengesera murume uyu hove rimwe zuva. Iye, paaitaura, handina kuziva zvaaitaura. O-o, handikwanisi kumukwikwidza." Asi toita . . .

"Toita sei, hama?"

"Akati, 'Mirai.'"

"Asi, tapedza mazuva mana pano."

"Rambai makamirira."

"Kwenguva yakadini?"

"Kusvikira."

"Zvino, Akati here zvichaitika nezuva reshanu?"

"Haana kumboti kwenguva yakati. Akati, 'Kusvikira.'"

Nokudaro, vakangoramba vakamirira. Kwenguva yakadini? "Kusvikira." Mazuva masere akapfuura. "Kusvikira." Mazuva mapfumbamwe akapfuura. "Kusvikira."

Zvino zuva rePentekosti rakati *rasvika, vakanga vakaungana vose* pamwe chete, panzvimbo imwe.

97 Mwari akanga ambova pamusoro pavo, muGore rinotyisa; Mwari akanga afamba navo, panyika; zvino chimwe chakanga chava kuzoitika. Chimwe chinhu choda kuitika.

. . .vakanga vakaungana vose pamwe chete, panzvimbo imwe.

Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta nesimba. . .kwakabva kudenga, kukazadza imba yose mavakanga vagere.

. . .ndimi dzichiparadzana dzinenge dzomwoto. . . ndokumhara pamusoro. . .womumwe nomumwe wavo.

Ndimi chii? "Dzakapatsanuka." Sokukakama, wakambonzwa here munhu achikakama? Anoti, "u-u-u, o, u-u," maona, hakwanisi kutaura. "Ndimi, dzakapatsanuka." Ndimi *samazondo*, zvinoreva chimwe chinhu "chakatsemurwa, chakapatsanurwa." Kwakanga kusiri kutaura. Kwakanga kusiri kutaura. Hapana chavakanga vachiita asi kungoita ruzha chete.

. . .ndimi dzichiparadzana dzinenge dzomwoto, ndokumhara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. (O, vakatadza kuzvibata!)

Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene, . . . Whew!

98 Zvino chii chakazoitika? Vakaenda mumigwagwa. "Rabhi Jones aripi? Ari kupi? Nyanzvi yedzidzo iya iripi?"

"Mwari waiva pamusoro pedu, naMosesi, mugwenzi raipfuta; Akatipa mana, yakabva kuMusoro. Akafamba nesu kwamakore nemwedzi mi . . . makore matatu ane mwedzi mitanhatu, pasi pano. Asi zvino Ava mandiri. Handichisiri ini ndinotaura; asi Iye. Ndinoziva kuti Iye ndiani, ndinoziva kuti ndini ani. Handichararami; Iye anorarama."

Uyai naye pano! *Imi varume* veIsraeri, nemi . . . *mugere mu*Judea, ngazvizikanwe *kwamuri—zivikanwe kwamuri, uye tererai inzwi rangu,* imi mose vaparidzi nanaRabhi.

Wu! Imiwe! Simba rokutaura! O! "Ava havana kudhakwa!" Kumira navashoma, zana namakumi maviri, vachikwikwidzwa nezvuru gumi kana kudarika.

. . . *havana* kudhakwa, *sezvamunofunga, zvaichiri nguva yechitatu yezuva.*

Ndiri muparidzi weFull Gospel. *Asi izvi ndizvo zviya zvakataurwa nomuprofita, Joere;*

. . . *zvichaitika kuti mumazuva okupedzisira, Mwari akati, Ndichadururа . . . Mweya wangu (Wu) pamusoro penyama yose; zvino va* . . . Unoona Maria achitamba muMweya, nokutaura nendimi uye achingodaro? . . . *pamusoro penyama yose:* . . .

. . . pavarandakadzi *vangu ndichadururа . . . Mweya wangu;* . . .

[Hama Branham vanouchira maoko avo katatu.]

. . . ndicharatidza zviratidzo kudenga *kumusoro na . . . panyika;* . . . shongwe *dzomwoto,* nemhute *dzohutsi:*

Apa Mwari akanga ava muvanhu Vake. Ameni.

"Zvakanaka, zvino, une dhighirii ripi? Wakabva, wakapinda chikoro kupi?"

99 "Hazvina mutsauko ikozvino." O-o, akatanga kutsetsenura Magwaro.

"Davidi akafanoMuonal . . . *Ishe pamberi pangu misi yose . . . ndirege kuzununguswa:*

. . . naizvozvo *mwoyo wangu* wakafara, nokuti . . . *norurimi rwangu* rwakafarisisa;

. . . *hamungasiyi mweya wangu mugehana, hamungaisi Mutsvene Wenyu kuti avone kuvora.*

. . . rega nditaure newe ndakasununguka pamusoro pateteguru Davidhi, . . . akafa akavigwa, uye guva rake tinaro . . . nanhasi.

Asi nechiprofita . . . akafanoona kuuya kwoUyo Wakarurama.

. . . ngazvizivikanwe nemi, *kuti Mwari akaita Jesu iyeyu, wamakarovera namaoko akaipa, Ishe naKristu.* Ameni!

100 "Varume hama, toita sei kuti tiponeswe?"

. . . akati, Tendevukai, mumwe nomumwe wenyu, abhabhatidzwe neZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, mupiwe chipiwa choMweya Mutsvene.

Nokuti chipikirwa ndechenyu, navana venyu, navose vari kure, vanozodanwa naIshe Mwari wedu. Ameni.

101 Kana Mwari achine vanhu, Mwari aine Chechi, Mwari aino Mweya Mutsvene unofamba Nayo. Ndicho chikonzero Mweya Mutsvene wakapiwa. Vepfungwa vachamuka; uye vakagara varipo. Asi Mwari ana vake vashoma pane imwe nzvimbo. Mwari ane Chechi duku inoenda mberi nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, vachigamuchira Chiedza. Ndivo, nokuda kwechapupu chavo, vachatonga nyika.

Bhaibheri hariti here Jesu akati, "Vakaropafadzwa vakachena pamwoyo; nokuti vachaona Mwari"? HaRitaure here, kuti, "Vakarurama, vatsvene, vachatonga nyika"? [Ungano, "Ameni."—Mupepeti.]

Chapupu chenyu nhasi chichaunza kutongwa paguta rino. Chapupu chedu chokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene neSimba raMwari, hupenyu hutsvene, zvichakonzera kuti guta rino ritongwe. Kana izvi . . .

102 "Vokutanga vachava vokupedzisira; novokupedzisira vachava vokutanga." Hapana zvandichaziva nezvaSankey, naMoody, mukumuka kwavo. Ivo hapana zvavachaziva nezvangu, mukumuka kuno uku, asi ndichamira, kuti ndipe chapupu. Newevo.

Uyevo, nokuparadzira Chiedza chako, nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, muhupenyu hwaunorarama, nezvawakaitirwa naMwari kuratidza kuti Ari kufamba pano; ivo nohuchenjeri hwavo, vakafamba vachibva paZviri; vachatongwa navatsvene. Vakatotongwa. Zvakatopera. O-o, imiwe!

103 Ndataura nezveSimba romunamato, Simba rokutaura, Simba rohupenyu hutsvene. Ameni. Ndizvo zvinofanirwa kuitwa noMweya Mutsvene.

104 Vamwe venyu vanofamba, vachiti, "Ndizvo hazvo, asi handikwanisi kurega kunwa. Handikwanisi kurega *izvi*."

Mweya Mutsvene unouya kuzorarama mauri, kuti "kusakwanisa" kwose kubve mauri. Ndizvozvo. Kuti vakadzi varege kugera vhudzi ravo, vasapfeka zvikabudura nembatya dzinobata. Hapana pembedzo. Kuti varege makuhwa. O-o, hongu, ndizvo zvaWakapuwirwa, kukupa hupenyu hutsvene. Unotevera kuraira kweBhaibheri nguva dzose.

105 Mudzimai angati, "Kunopisa; Regai ndipfeke izvi. Musoro wangu unotema kana vhudzi rangu rikakurisa."

Asi Mweya Mutsvene hautsvaki zvikonzero. Uripo kuita zvakataurwa. Unotevera Shoko sezvazviri. Ndizvo zvinofanira kuitwa noMweya Mutsvene.

Kuti imi varume mufuratire madzimai akapfeka zvimhini, morega kuvachiva, uye nhengo dzechechi. Ndizvo zvaUnoita.

106 Unoita kuti urege kuputa nokunwa, nokuva . . . nokuda kuva shasha. Unobvisa izvi mauri. Unokuderedza kana woda kuzviita. Ndiro basa roMweya Mutsvene. Kuti urarame hupenyu hutsvene. Ndizvo. Urege makuhwa. Urege kutamba makasa, urege njuga, nezvimwe zvose zvaunoita pakavanda.

Unoita kuti urege nzira dzako dzaunadzo izvozvi, sokusatendeka kumudzimai wako. Ndizvo zvaUnoita. Ndizvozvo. Unoita kuti urege kuda kuroora mudzimai womumwe. Ndizvo chaizvo.

Ndizvo zvaUri. Ndowokuti urarame hupenyu hutsvene. Ndiro basa reSimba roMweya Mutsvene, "kuisa zvido zvako kuMusoro," uko Mwari akamira . . . ? . . . pfungwa yaKristu iri mauri. Hautadzi kuona zvinhu zvakadai; kana wazviona, tendeuka musoro wako. Ndizvozvo. Uripo kukuitisa.

107 Unoti, "Handikwanisi kuzviita. O-o, handitombokwanisi kuzviita." Zvirokwazvo, haukwanisi.

Asi Mweya Mutsvene wakauyira izvozvo. Ndizvo zvaWakauyira. Wakauya kuzobvisa izvozvo mauri, tsika dzako dzose dzakare nezvinhu zvauchiri kuita.

Makuhwa ako akare, kuzvipatsanura, uchiti, "Mwari ngaaropafadzwe, ndiri muMethodisti. Handina hanya navatsvene vasingadzikami." Mweya Mutsvene wakauya kubvisa izvozvo mauri.

108 "Ndiri muBhaptisti. Ndiri muPresbheteriani. Handingaendi kuboka ravatsvene vasingadzikami ava." Mweya Mutsvene wakauya kubvisa kuomarara uku mauri. Ndizvo zvaUri. Unokusuka muRopa; wokutwasanudza. Ndizvo zvaWakauya kuzoita.

Wakauyira kukutwasanudza. Akati, "Kuti nzvimbo dzakakombama dzitwasuke." Ndizvo zvaWakauya kuzoita; kudzitwasanudza. "Kuti nzvimbo dzakakwirira dzideredzwe; kuti makomo ose aite saanotamba samakondobwe, namashizha achiuchira, kwauri." [Hama Branham vanouchira maoko avo

kana—Mupepeti.] Shiri dzinoimba zvakasiyana. Mabhera omufaro achirira. Hapana zvikonzero. Ndizvo zvaUnouya kuzoita. Ndicho chinangwa chaMwari pakutuma Mweya Mutsvene, kuti uite zvinhu izvi, kuti ushande . . . ufambe uchiMutevera.

109 Zvino handidi kutaura zvinokukanganisai, asi ndakuudzai kuti ndiri pano nokuperera kose. Kuti ndirege kukurwadzisai, apo naapo ndinotaura zvimwe; asi ndichimira paChokwadi, asi ndinorambira pazviri ndichizvitaura nenzira yokuti zvirege kunyanya kukurwadzai.

110 Asi ndinoda kukuudzai chimwe chinhu. Kana Bhaibheri richiti hazvina kunaka kumukadzi kugera vhudzi rake, iwe woti unoMweya Mutsvene uchigera vhudzi rako, ndinokahadzika kana unawo. Usapenga; kana ukadaro, chimwe chiratidzo kwauri kuti hauna.

111 Kana Bhabheri richiti hazvina kunaka kuti mukadzi apfeke mbatya dzechirume, iwe wopfeka hovhorosi nembatya dzinoshinya wobuda kunze kumugwagwa, imi madzimai makuru! Ndinofunga kana ruri rusvava runga . . . kuti, atambe navakomana vaduku uye zvimwevo. Asi, tarisai, kana imi—imi vakadzi, vana makore gumi namashanu, gumi namatanhatu, gumi namasere, kusvikira kuna vana mbuya, kudaro mumugwagwa! Uye Bhaibheri rinoti, "Chinyangadzo pamberi paMwari," kuti mukadzi apfeke zvinhu izvi. Asi imi munongozvipfeka, zvakadaro, moti mune Mweya Mutsvene? Ndinoshama dzimwe nguva. Mweya Mutsvene unotevera Shoko raMwari sezvariri.

Nomuparidzi anomira seri kwepurupiti, asina nyasha dzakawanda dzokuZviparidza, Handifungi kuti aNawo. Ndizvo chaizvo! Hongu, ndiro basa roMweya Mutsvene.

112 Kuti upe chizoro kumuparidzi. Kuti upe hutsvene kuboka. Kuti Chechi imire muhurongwa. Kuti pave nohumwe paMweya. Kuti tibatanidzwe pamwe neSimba. Kuti zvibatane norudo, rudo rwehama.

Handina mhosva kuti uri muMethodisti, Bhaptisti, Presbheteriani, Luthereni, kana zvauri, kana tiri muMweya Mutsvene mumwe takabhatidzwa muMutumbi, mumwe nokuva nhengo dzoMutumbi waJesu Kristu. Hapana . . . hapana chiripo, hapana chinouya; nzara, kushaya zvokudya; hapana chingatiparadzanisa norudo rwaMwari, rudo rwaKristu, "rudo rwaMwari rwuri muna Kristu," nokuti takaberekwa noMweya Wake, nokusukwa neRopa Rake. Tiri chisikwa chitsva. Ndizvo zvakauya kuitwa naMwari. Ndiro basa roMweya Mutsvene. Hongu, changamire. Ndizvo zviri.

113 Zvino, vanhu, nditarisei, kumeso. Maoko mazhinji asumudzwa, kuti muno Mweya Mutsvene; maona, chokwadi, anga aripo. O, zvino ndicha—ndichasiya izvi zvishoma pano.

Izvi zviri kuiswa patepi. Asi tichanzwa zvakawanda mangwana manheru.

Kana uchiti Unawo, asi iwe uine mhosva pazvinhu izvi, ndinoshama kuti chii chiri kukutungamirira. Mwari haambokutsaudzi paShoko. Anokubatanidza neShoko, nokuti ndiyo mitemo yaMwari paChake, yeChechi Yake, yavanhu Vake, kuvakadzi, nokuvarume.

114 "Zvakanaka," ungati, "hazvindirwadzi kuita *ichi* kana *icho*." Hazvikurwadzi? Shoko rinoti zvinorwadza.

Zvino kana Mweya Mutsvene uri mauri, Uchakutungamirira kuShoko. Hauzopi zvikonzero. Mwari haashanduki kana kutevera chikonzero. Anotara zvaanoda iwe wofamba napo. Ndizvo chete. Ndizvozvo kumunhu wose. Unouya nenzira imwe chete.

115 Petro akati, "Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu; mubhabhatidzwe, mumwe nomumwe wenyu, muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, mozogamuchira chipo choMweya Mutsvene." Maona? Ndizvozvo. Tinofanira kusvika pamutsetse uyoyo.

116 Zvino handidi kukurwadzisai; ndinokudai zvakanyanya. Asi, hama, hanzvadzi, unocherechedza here, kuti . . . ndinoziva kuti ndichamira pamazuva okupedzisira pakumuka kuvakafa, nechizvarwa chino chavanhu, nokudavira Shoko iri? Mweya Mutsvene uchiratidza izvi, neni ndichiparidza kose uku, iwe uchamirira papi? Uchapukunyuka sei? Haukwanisi kuzviita, shamwari. Usadaro. Zvino rega izvozvo. Chipi nechipi chaunoita chakatsveyama, chirege.

Ungati, "Handikwanisi."

Zvino hauna Chinokugonesa mauri. Kana Mweya Mutsvene wauya, Unokupa Simba rokukunda nyika. Kana uka . . . Terera zvaAkataura. "Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, kuda kokuti rudo rwaMwari haruzi mauri." Zvino, hapana zvikonzero. Akazviisa pachena, naizvozvo tinofanira kusvika pachiero ichocho.

117 Ndinoziva kuti munofunga kuti ndanyanya. Asi ndiri kutonzwa kunyanya kuzara zvino. Maona? Tererai. Ndezvechokwadi. Zvino svikai paZviri, hama, hanzvadzi.

118 Musarega zvechikoro zvepfungwa zvakakupoteredzai pano zvichikuudzai kuti, "O-o, zvinhu zvakudhara zvisina maturo."

Kana Zviri zvakudhara zvisina maturo, naizvozvo Mwari haana maturo. Kana Mwari asina maturo, nenivo ndakadaro, zvakare. Ameni. Ndinoda kuva saIye. Nei? Mweya Wake uri mandiri, une nzara nenyota, uchiti zvose zvinopikisana neShoko . . .

119 Kana vanhu vakati, "Zvakanaka kuti, O-o, kana munhu akatamba makasa kuti afare, nenjuga. Zvakanaka." Mwari anoti hazvina.

120 "O-o, kana ukanwa zvokungotandara, kungodhakwa zvishoma, nedzimwevo nguva."

"Asi Mwari akati, "Nhamo kwaari."

121 "O-o, ungati, "zvakanaka, Hama Branham. Ini—ini—ndinogera vhudzi rangu nokuda kwechikonzero chaicho. Ari mukadzi, munoziva, nokuti vakadzi vamwe vose vari kuzviita." Handina mhosva nokuti vamwe vakadzi vose vanoitei. Havasivo muenzaniso wako havasivo vatungamiriri vako. Kana uine Mweya Mutsvene mauri, uchatevera kuraira Kwake zvisinei kuti vanhu vanotaurei pamusoro pako.

122 "Zvakanaka, Hama Branham, kuri kupisa, saka ndotopfeka zvangu mbatya *dzakadai*." Gehena rinopisa kudarika ipapo, hanzvadzi inodiwa. Rega ndikutaurire. Zvino—zvino usadaro. Rangarira izvozvo.

123 Mweya Mutsvene uchakutungamirira kuChokwadi, Chokwadi Chake iShoko. "Shoko Rangu iChokwadi. Shoko romunhu wose ngarive renhema, asi Rangu rive chokwadi."

Uye imbofunga hako, "chinyangadzo." Ungazvifunga kuti?

124 Ishoko rinorema kutaurwa nomuparidzi, asi ndakapinda mumatoireti umo zvaingo . . . Waitoita souchada, kubuda zvako, zvakanga zvaka . . . Uye zvinhu zvinonyadzisa kumadziro. Ndakafunga kuti, "Vanhu munyika vangaderera sezvakadaro sei?" Uye kunhuhwa! Uye pandaifamba munzvimbo idzodzi, ndaiwanzofunga kuti, "Kunhuhwa kwakadini!" Ndai . . . imomo, ndaibata mhino se*izvi*, ndichigeza maoko. Ndaizeza kuti kana ndikabata mubato wegonhi, zvakare, panenge pava noutachiona hwezvirwere zvefambi nezvimwewo. Ndakafunga ndikati, "O-o!"

125 Rimwe zuva, ndakamirira panhandare yendege, imwe nzvimbo yandakapinda, kana kuti paiva panjanji, ndakapindamo. Ndikafunga kuti, "O-o, tsitsi."

126 Chimwe chinhu chikati kwandiri, "Ndiko kunhuhwa kunoita nyika kuna Mwari. Inonyangadza."

127 Ndakafunga, kuti kana ndikaona mukadzi achidzika nomugwagwa, achifamba nokuzvida, akapfeka mbatya dzechirume, ndiko kuratidzika kwazvinoita kuna Mwari. Chinyangadzo, chinhu chine tsvina chichinhuhwa, pamberi paMwari. Asi zvakadaro, anoenda kuChechi nomusi weSvondo, akazvishongedza.

Houno murume anoenda, ondonwa, nokunyengera, achida mari, achinyengedza muvakidzani wake, achiita zvose, kuti awedzere kamwe kamari; achiita zvinhu izvi, nenjuga,

nokuputa, nokumwa, nokunyepa; oenda kuchechi ondopupura. Chinyangadzo! Itsvina! Ndiyo chechi yezvepfungwa.

128 Ungati, "Zvakanaka, ndiri nhengo yechechi." Hongu, uye kwava kubuda muchechi, kwamaminetsi gumi namashanu, kuti madhikoni ose navamwe vaputе, nomufudzi, zvakare, vasati vadzokerazve muchechi. Unondiudzei? Zvipatsanurei kubva pachinhu chine tsvina!

129 "Svibisa mutumbi; ndichauparadza." Mwari akati Achazviita. Nhasi, kenza, inokonzera zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana zvorufu, zvinokonzerwa napahuro nekenza yamapapu, inokonzerwa nokuputa fodya. "Svibisa mutumbi; ndichauparadza." Asi vakanyatsonanga gehena, vachienderera vakadaro, havazivi.

Mumwe muparidzi anomira papurupiti ane madhigirii mana, akabva kukoreji, achiputa, zvakare. Rega ndikuudze chimwe chinhu, hama. Mweya Mutsvene wakatumirwa kubvisa varume navakadzi pazvinhu izvi. Zvitsaure!

Inzwi rokuti *chechi* rinoreva "kupatsanurwa." "Budai mukati mavo," ndizvo zvinotaura Bhabheri. "Musabata vasina kuchena, ndichakugamuchirai; mova vanakomana navanasikana kwaNdiri, neni ndichava Mwari kwamuri." O, imiwe! Handisi kuda kuita zvokusvotesa, asi ndinoda kutendeka nokuva muchokwadi. Hongu, changamire. O-o, chinhu chakaipa zvakadini!

130 Varume namadzimai, takamira papi nhasi? Tiri papi? Ngatimirei.

131 Humwe husiku, ndakatarisana nakachigaro kaduku kasharu ndiri mumba, (uye ndinofanira kuvhara), kachigaro kasharu kerudzi rweDuofold. Mushure mokunamata kwamazuva matatu kana mana, ndasvika pakadai, ndakatanga kufamba famba, nokufunga, "O-o Mwari," ndakasvika pakuti ndakanga ndisingachazivi zvokuita. Ndikati, "Mwari, tasvika pamagumo enzira. Uye ndaona kuti ndakashaiwa hanya. Ndakadanwa kuti ndiende kundobatsira, asi ndonzwa kuneta, zvokuti handina kukwanisa kuzviita." Ndakazofunga kuti ndiri kuona Ishe wangu achidzadzarika murima, paAinge aneta zvokutadza kusumudza makumbo, asi haAnavo . . . Akamira kubatsira mudzimai wokuNaini, nokuda komukomana akaunzwa akafa; kusvikira Abata bwanyanza, nokushandisa simba shoma raiva maAri kumutsa mukomana uyu. "Zvakanaka, ko ini ndinoneta sei? Chii chandiri kutadza, Ishe? Apa ndinofunga kuti, 'Zvakanaka, ndava kuchembera. Ha—Handichakwanisi kuzviita.'"

132 Kwaiva naMosesi, Mwari mumwe chete wandinonamata, aivako, ava namakore zana namakumi maviri.

Kwaiva naKarebhi, akamira ava namakore makumi mapfumbamwe, aine munondo muruoko rwake, akati, "Joshua

akaisa munondo uyu muruoko rwangu, makore makumi mana apfuura." Akanga ava namakore makumi masere zvino. Akati, "Nhasi ndichakasimba sezvandaiva kare." Ameni.

Ndikati, "Mwari, ndinzwirei tsitsi."

133 Ndikati, "Zvakanaka, tarisai pano, ndinogaro . . ." Uye ndakatora mudzimai wangu (uyo ari shure) ndikamubata ruoko, paBhaibheri iri nakabhaibheri kake, uye ndikati, "Mudiwa, ndakatarisira zvisiri izvo. Mweya Mutsvene uri kundipomera." Ndikati, "Ndikafunga nezveshindi dziya paya. Ndikafunga Hattie Wright, navakomana vaduku vaya. Ndikafungawo zvakaita Mwari, achiratidza kuti Iye ndiMwari, anokwanisa kusika." Hareruya!

Ndakafunga kuti, "Akandiudza izvi, makore mazhinji apfuura, 'Ini handikusii. Handizombokurambi. Hakuna munhu angakupikisa, mazuva ose ohupenyu hwako. Ndichava newe. Uye kubva muruoko runoratidza zvirwere, zvichasvika pokuti uchaziva zvakavanzika zvomwoyo. Shure kwaizvozvo, zvichakwirira nokukwirira.' Gore rakatevera, zvakaratidzwa, pasi pose. Heino youya iyi, imwe shumiro huru, inopfuura iyi zvakanyanya."

Ndikati, "Mudiwa, ndinobata ruoko rwako. Nokubatsira kwaMwari nenyasha dzaMwari, usarega ndichitora maonero asiri iwo zvakare. Rega ndipinde murumutsiriro urwu ndigoparidza kudarika zvandakamboita kumashure. Rega nditange, ndazvichenesa, kuti ndigadzirire vanhu nzira; kuti zvivi zvangu, kushaya hanya kwangu kuiswe pasi peRopa, kuti kusakwanisa kwangu kuve pasi peRopa, kuti ndiuye nditi, 'Nditeverei, vanhu.'" Ndizvozvo.

Ndinovenga kunzwa munhu anoti, "Iwe zviite." Ndinoda kuona munhu anotungamira namabasa. Hongu, changamire.

134 Nguva shoma yapfuura, makaita mwoto muno muguta, Kambani yePfau Oil yakabvira. Kwakauya bato rozvokudzimura mwoto reJeffersonville Fire Department ikoko. Uye shamwari yangu, munhu akanaka, akanga asina kujaira mwoto mukuru wakadai, aifamba, achiti, "Dirai zvimvura *apa*, vakomana. Dirai zvimvura *apa*."

Ndokuuyavo veClarksville, "Dhingi, dhingi, dhingi, dhingi," vachimhanyirapo. Uye akati, mukuru wokudzimura mwoto akaburuka, akati, "Dirai zvimvura *pano*. Punzai fafitera iri. Modira zvimvura *ipapo*."

135 Asi mhiri kworwizi kuLouisville kwakabva vadzimuri vemwoto vakadzidziswa basa ravo. Gokonho guru namanera zvichingomiswa mutungamiri akanga atova pamusoro pamanera. Pakamiswa manera, iye akanga ava pamusoro. Akakanda demo rake asati asvika, akapunza fafitera, akati, "Uyai, vakomana!" Ndizvozvo. Mwoto wakadzima mumaminetsi mashoma.

Kwete, "Dirai zvimvura *pano*. Dirai zvimvura *apo*." Zvinondirangaridza, vaparidzi vepfungwa.

136 Uyai! Ngatiende! Ndinoziva kuti Ichi iChokwadi. Ndakaedza ndikaona. Girori! Mweya Mutsvene wakanaka. Mwari wakanaka. Kwete edza *apa*, kana *apo*; ngatipinde maAri! Iye ari pano. Ndezvako. Mwari wakapa Simba Rake kuChechi Yake. Kwete dira *pano* apa, kudira apo; hapana chaunobudisa nokudaro. Tungamirira! Ameni. Wu!

Handichikwanisi kuverenga nawo. [Hama Branham vanobvisa magirazi avo okuverengesa—Mupepeti.]

137 Ameni! Tichaitei? Munhu wose ari muno akazadzwa nechimwe chinhu.

Zvino ndava kupedza; ndichavhara, ndapedza izvi.

Pane chakakuzadza. Haungagari ipapo usina kuzara nechimwe chinhu. Une hupenyu mauri. Hupenyu uhu hunokutonga, uye ihwo hupenyu uhu hunotongwa nomweya.

Zvino ungadai wakazadzwa nenyika, uchida nyika nezvinhu zviri munyika. Mwari ngaakunzwire nyasha.

Ungadai wakazadzwa nezvitendwa zveimwe chechi, tumwe tuminamato twaunoita, uchifunga kuti kuenda kundonamata munhu wakafa, kana—kana kuita chimwe chiratidzo pauri. Mwari ngaakunzwire tsitsi.

138 Uye ungadai wakazara nezvinamato, zvakatonyanya kuipa. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Bhaibheri rinoti, "Namazuva okupedzisira vachanamata zvakanyanya, vano mufananidzo bedzi wokunamata Mwari; vano mufananidzo bedzi wokunamata Mwari, asi vakarasha Simba rako: ufuratire vanhu ivava."

Kana wakazara nezvinamato, unonzwisa tsitsi; chinamato chete, dizvozvo. Kana wakazara nezvitendwa, hauzivi zvaunotaura. Kana wakazara nenyika, uri bofu.

139 Zvino, zvichidawo, ungava wakazara noMweya Mutsvene. Ameni. Ndinotenda kuti wakazara nawo. Uye, kana usina, ndinotenda kuti uchazara. Zvino kana wakazara noMweya Mutsvene, unei? Une Simba. Une rudo. Une rugare. "Rugare Rwangu ndichakupai; kwete sokupa, kwenyika." Une rugare. Wakasimbiswa. Une chiratidzo. Ameni. Une zororo. Une mufaro usingatauriki, uye wakazara nokubwinya. Wakazorora. O-o, imiwe! Ndizvo zvauri, kana unoMweya Mutsvene. Une . . . Kana wakazadzwa noMweya Mutsvene, "Wabva murufu uchipinda muHupenyu," wamirira kumutswa kwezuva rokupedzisira. Ameni!

140 Munyika inouya, kuburikidza naShe wedu Jesu Kristu, akati Achauya mukubwinya nomuHumambo, "Gungwa richabudisa vakafa varo." "Mitumbi inoora yaavo vakarara maAri icha . . . "

"Vakarara maAri." Unopinda maAri sei? "NoMweya mumwe takabhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe."

"Mitumbi inoora yaavo vakarara maAri ichashandurwa kuti ifanane noWake Unobwinya, uyo waAnokwanisa nawo kuisa zvinhu zvose pasi Pake."

"Ndakanzwa inzwi kuDenga," Johane akadaro, "richiti kwandiri, 'Nyora, "Vakakomborerwa vakafira muna Ishe. . ."'" Uchapinda sei? "NoMweya mumwe tinobhabhatidzwa muMutumbi." [Hama Branham vanouchira maoko avo kamwe chete—Mupepti.] "'". . .vakafa munaShe kubvira zvino; nokuti vakazorora pamabasa avo; naizvozvo mabasa avo anovatevera."'" Huu!

Ndizvo zvaAkatumira Mweya Mutsvene. O-o, tsigiso tsvene, Jesu ndowangu! Ndiri maAri, Iye ari mandiri; Baba vari maAri, naIye muna Baba; naBaba vari mandiri, nemi maAri.

Jesus is mine!
Oh, what a foretaste of glory Divine!
I'm an heir of salvation, purchased of God,
Born of His Spirit, when washed in His Blood.

Ameni! Handingatengesi izvi. O-o, imiwe!

All rubies and diamonds, and silver and gold,
His coffers are full, He has riches untold.

For I'm a child of a King!
I'm the child of the King!
With Jesus my Savior,
Makes me a child of the King!

141 Ameni naameni. Handingazvichinjanisi. Handingazvitsinhanisi. Ndichine maviri kana matatu asara Magwa. . .

Zvino, heri rimwe Gwaro. Kana—kana wazadzwa noMweya Mutsvene, ndizvo zvinhu zvaunazvo. Ko uri chii, kunyika? Mutorwa. Ndinoziva kuti nguva yapera, asi haingapereri izvi. [Hama Branhama vanouchira maoko kamwe chete—Mupepti.] Mutorwa! O!

We're pilgrims and we're strangers here,
We're seeking a city to come,
The life boat soon is coming,
To gather His Jewels Home.

142 Ndiri kunzwa mvura ichitinhira muRwizi rweOhio. Ndichiri muparidzi muduku wamakore makumi maviri ane maviri, ndichiimba rwiyo urwu ipapo. Uye ndakanzwa, ndikatarisa kudenga, ndikanzwa Inzwi richiti, "Tarisa kuno." Pakauya Chiedza chiya chikuru chikaremberapo, chichifamba kuuya pamusoro pangu ndokuti, "Sokutumwa kwakaitwa Johane Mubhabhatidzi kuti atungamire kuuya kwokutanga kwaKristu,

uchava neMharidzo ichatungamirira kuUya kwechipiri kwaKristu."

O-o, ndaitenda sei zvakadai? Asi zvakangoitika zvakadaro. Manheru ano mwoto yorumutsiriro iri kubvira ichitenderera nyika yose. Chechi huru yakadzikinurwa yaMwari yakaZvisumudza kubva panzvimbo iyi, misangano mikuru nokupodzwa, nezviratidzo, nezvishamiso, namashura, kuratidza kuuya kwake.

143 Uri muenzi, mutorwa. Unoita zvinhu zvisinganzwisisiki, zvakasiyana nezvawaisimboita. Hauchaiti sezvawaiita. Vanhu . . . Mweya Mutsvene, kana Wauya pauri, uye iwe wozadzwa noMweya Mutsvene, unoshaya hanya nezvinhu zvenyika. Unoshaya hanya nezvinhu zvinokukanganisa. Unoshaya hanya nazvo. Wozova chi—chisikwa chinoita zvinokatyamadza, waipa sedhadha, kwavari, kamwana kegondo kakachochonywa mudendere rehuku; sezvandakamboparidza, *Kana Chapungu Chozunza Dendere Racho*. Uri chisikwa chinosetsa, kwavari.

Asi, O-o, imiwe, unofamba munzira yaMambo! Ameni. O-o, inzira yokuDenga. Uye ndiri kufamba muNzira yaMambo.

Ungati, "Ona mutsvene asingazvibati, kunge dhadha rakaipa. Uyo ndiye muparidzi wavatendi vasina hunhu."

144 Mumwe muparidzi ane mbiri wechiMethodisti ati kuno mumwe murume nhasi, muLouisville, ati, "Ndinoda kubatsira Hama Billy, asi unoziva zvazvinoreva? Ndinenge ndava kutozvinyadzisa." Haungazvinyadzisi nokuda kwangu.

Akapira Hupenyu Hwake nokuda kwangu. Ameni! . . . ? . . . Kufamba mumugwagwa waShe, ndizvo chete. O-o, imiwe! Kuzadzwa noMweya Wake! Kuberekwa noMweya Wake! Kusukwa muRopa Rake! Hareruya! Mufaro!

145 Uye chimwe chinhu, chii, chinoita kuti uzviite? Uri munhu, asi chii chinoita kuti uzviite? Chikonzero chokuti wauya, iwe, Mweya wako wabva kumusoro. NdiMwari mauri.

146 Pandakaenda kuRoma, ndakaona kuti, mumwe nomumwe, anomweya weChiroma. Pandakaenda kuGreece, vose vaiva nomweya wechiGiriki. Pandakaenda kuEngland; ndakaona vose vaine mweya wechiIngirishi. Kana uchishanyira nzvimbo, unowana . . . Zvino unowanavo mweya wemuAmerica; wakaipa kwazvo.

147 Pandakaenda kumakuva eSan Angelo ari kuRoma, vaiva nechinyorwa chakanzi, "Ndapota, madzimai vokuAmerica, pfekai mbatya, kuti muremekedze vakafa." Mweya womuAmerica.

Vatarise vachibuda mundege, netumbatya tuduku-duku, vanhu vose vanovatarisa, kwakuuya misisi America. Ndiwo mweya womuAmerica. Unogona kuziva kwaanobva;

akapfeka zvake, vakomana, achidhonza kapopi kane mhino dzakafondoka. Ndizvo. O-o, hongu, ndi. . . Iye, ndowokuAmerica, Mukadzi wokuAmerica; anofamba, munoziva, achizvidhonza. Nei? Anomweya wokuAmerica. [Hama Branham vanogogodza papurupiti katanhatu—Mupepeti.] Jesu akati, Akazvitsiura zuva riya, Akati, "Imi muri venyika ino. Ini ndinobva kuMusoro."

Kana unoMweya waKristu mauri, unobva kuMusoro, zvino uri muenzi pano.

148 Asi unohunhu hwenzvimbo yaunobva. Ndizvo zvandiri kuedza kutaura. Kana muRoma akauya kuno, anokwenya musoro wake; kana muGerimani akauya kuno; muAmerica akaendako. Nei? Uno mweya wenyika yaunobva.

Ndizvo zvinoita kuti tisiyane nenyika. Uri wokuMusoro. Wakaberekwa. Uri—uri mugari wohumwe huMambo. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndizvo zviri Mweya Mutsvene, kukuita mugari wohuMambo hwaMwari.

149 Zvino, kana uri mugari wohuMambo hwaMwari, Zvinoita kuti uzvibate sei? Sezvinoita Mwari muhuMambo Hwake. Zvino, Mwari anoita sei muhuMambo Hwake? Hutsvene, kururama, pfungwa dzakachena, mufungo wakachena; Simba norudo, kuenda kuna vakarashika, kupodza varwere, kuita mashura, nokuita zvinhu zvikuru. Zvino, kunyika unoita sounopenga, vanoti, "Vakomana ava havachisina nezano." Maona? Asi uri mugari wohuMambo.

150 Gwaro rimwe rasara, kana muchida kunyora, Johane 12:24. Regai ndikuudzei zvarinotaura nokukurumidza. Jesu akati:

> . . . *kana tsanga yegorosi yawira pasi muvhu* . . . kunze kwokunge yafa, haikwanisi kuunza humwe hupenyu.

Zvino, onai, chinhu chimwe ndichivhara zvino. Zvino rangarirai, kuti, zvine. . . Zvino, kwamuri imi vanhu, zvinokosha zvikuru, zvinogombedzerwa zvinomanikidzirwa, kuti ugamuchire Mweya Mutsvene ikozvino. Nokuti, ukasaugamuchira, haupindi mukumuka kuvakafa. Zvino onai. Mwari haatyori mitemo Yake. Tinozviziva. Anotevera mitemo Yake.

151 Zvino, tsa—tsanga yegorosi, kana zviyo, ngatidaro, sezvakataurwa naJesu. Ndizvo, kuti tsa—tsanga yegorosi, muBhaibheri, ndanga ndichiriverenga nhasi, inoreva mbeu yefurakisi kana imwevo mbeu, asi, gorosi, bhari, chibage, kana chimwevo, itsanga. Asi kana tsanga yegorosi yawira muvhu, zvino, pane. . . Tose pano takaona, tinoziva kuti zvinoitika. Tsanga yegorosi, kana tsanga yechibage. Ingaratidzika zvakanakisisa, asi ukayiisa muvhu, uye tsanga iyi . . .

Ino Hupenyu hunoenderera. Inosimwa nhasi, yozvibereka mudzinde; uye yosimwazve, yokura zvakare; yosimwazve. Hupenyu hunoenderera mberi.

Kana tsanga iyi isina hupenyu mairi, hazvinei kuti yakanaka sei, haimeri zvachose. Inogara muvhu yoora, zvogumirapo. Zvimwe zvayo, zvimedu, zvinosevenzeswa kukodza zvinhu zviri muvhu. Asi kuti izorarama zvakare, haikwanisi kusara kokunge ine hupenyu hunoenderera mberi mairi. Munhu wose anozviziva. Hazvitombokwanisiki.

152 Panogona kuva navarume vaviri, mumwe wacho akanyatsova, vose vakafanana. Mumwe wacho angava munhu kwaye, angaita mabasa akanaka, angaita zvimwevo; kunze kwokunge murume uyu aine Hupenyu Husingaperi maari, haatombomuki pakumutswa. Haagoni kudaro; hapana chokumutsa. Hapana chinomumutsa, hamuna Hupenyu. Naizvozvo, munoona, hama yangu inodikanwa, hanzvadzi yangu inodikanwa, kana munhu asingaberekwi kutsva, hapana mamukiro ake muHumambo uhwu. Haamuki. "Kunze kwokunge Tsanga yegorosi yaenda muvhu ikafa." Ari kutaura neZvake. Asi Ane, kwete hupenyu hunoenderera, Ane Hupenyu Husingaperi; uye Hupenyu hwaAkakupa, kuti uve nemhando imwe chete yoHupenyu.

153 Zvino, kana ungori nohupenyu hwomunhu, hwokungoti ufambe nokuchiva, "Uyo anorarama mumufaro akafa achiri mupenyu," haukwanisi kumuka. Ungadai uri musikana ane mukurumbira zvakanyanya pachikoro. Ungadai uri musikana ane mukurumbira pakutamba makasa muboka renyu. Ungadai uri mukadzi anopfeka kukunda vose munyika yose. Ungadai une runako kukunda vakadzi vose. Ungadai uine chimiro chinokunda vose. Ungadai uri zvitambo kumurume wako. Ungadai uri zvose izvi, zviri, zvinoshamisa. Asi, hanzvadzi, kunze kwokunge uine Mweya Mutsvene mauri, unova Hupenyu Husingaperi, pakuguma kwenzira uchaparara.

Handina mhosva kuti unoratidzika sei kana kuti zvinhu izvi zvakaita sei, kana kuti hauna mukurumbira kana uno mukurumbira zvakadini, wakanaka kana kuti wakashata sei; kana uno Hupenyu Husingaperi, uchararama nariini nariini.

154 Kana mwedzi nenyeredzi zvapera, nyika yazvipetera mumakomo, marenje nazvose zvi—zvisisipo, zvisisipo; nyika ichidzadzarika sechidhakwa chiri kudzoka kumba usiku, kana nyeredzi dzoramba kupa chiedza, dzichidonha kubva kudenga, mwedzi woshanduka kuva; ne—nezuva ronyara rovanza chiso charo, pavanoona Mwanakomana womunhu achiuya. Muchapenya mukururama kwaJesu Kristu, kubuda muguva semhandara, mudzimai wakanaka, achiuya kutora mumwe wake, vogara nokusingaperi-peri nariini, nguva yose

yeZienda nakuenda unenge uchiri kungorarama. Ndiro basa roMweya Mutsvene.

Kana uchinzwa kudhonzwa zvishoma-shoma, usaZviramba.

155 Mweya Mutsvene chii? Mwari mauri. Wakapuwirwei? Kuenderera mberi nebasa Rake pavanhu Vake; kuisa Chechi Yake pamwe chete, kuisa Chechi munzvimbo pazuva ranhasi, inopfuura zvakanyanya Lutherani, neMethodisti, nePentekosti, kusvika mukuitwa vana uye nyasha dzoKubvutwa. Kuti, kana chikamu ichi cheChechi, kana Mweya wapinda muChechi iyi pano, ichamutswa; ichamutsa, vose vakadzikinurwa vakabatwa noMweya uyoyo.

MaLutherani avo vakamira nechiedza chose chavaiva nacho, mukururamiswa; maMethodisti vaiwira pasi, vachidirwa mvura kumeso, nokuda koMweya waivabata mukucheneswa; maPentekosti, avo vaifamba vachikwira nokudzika mumigwagwa vakavati "vendimi, vanotaura zvisina maturo, nomutauro isinganzwiki," nazvose; vachamira mukururama, pamberi paMwari neZuva iro, ichokwadi seBhaibheri iri riri pano. Kana muchitenda kuti ndiri muranda . . . Munonditi muprofita Wake; handizvidaro, asi, tererai, ndinokuudzai muZita raShe. Avo vari muna Kristu Mwari Achauya navo pakuuya Kwake, mukumuka, avo chete vari muna Kristu.

Tinopinda muna Kristu sei, vadikanwa?

156 Takapinzwamo nechitendwa chimwe here? Kwete. Takaiswamo nokukwazisana kamwe here? Kwete. Takabhabhatidzwa maari nemvura imwe chete here? Kwete. Kana kuti nedhinominesheni rimwe takaitwa dhinominesheni? Kwete.

"Asi, 1 Vakorinte 12:13, "NoMweya mumwe, Mweya Mutsvene, Mweya waMwari, tose tiri . . . " Methodisti, Bhaptisti, namaLutherani, maPresbhiteriani, "Tinofamba muChiedza, sezvo Iye Ari muChiedza, tinoyanana mumwe nomumwe, neRopa raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, rinotisuka pakusarurama kose," "NoMweya mumwe takabhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe, tikaitwa vadyi venyasha Dzake."

157 Haupindi mukuTongwa. "Uyo anonzwa Mashoko Angu akatenda." Hakuna munhu angatenda kusvikira awana Mweya Mutsvene. "Uye anotenda kuno Uyo akaNdituma", kana Mweya Mutsvene wapupura nezvokumuka Kwake. "Ano Hupenyu Husingaperi, haapindi mukutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu." Chii? Hauzopindi mukuTongwa. Hauzomiri paChigaro chiChena chokutongwa.

Unowana kutongwa kwako pano. Wakapedza kutongwa kwako pawakakunda ukati, "Handina kunaka, uye kudzidza kwangu hakuna kunaka. Ishe, uyai mandiri, munditore munditungamirire, Ishe. Handina mhosva kuti nyika iyi

inopenga inoti kudii. Nditungamirirei, Ishe, noMweya Wenyu." Unenge watotongwa izvozvo. Zvitore sebenzi raKristu, uye, mukururama Kwake, nezuva iro tichamira tisingafi takafanana Naye.

158 Nzira imwe chete. Sei? "NoMweya mumwe tinobhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe." Zvino kana uri muMutumbi uyu, kutongwa kwakatoitwa pamutumbi uyu, uye waMugamuchira somurevereri wezvivi zvako.

Ungati, "Ndakazviita, Hama Branham."

Zvino, kana Mweya Mutsvene wadzoka kukupa chiratidzo chechisimbiso, Mweya iwoyo unokupinza muMutumbi waKristu. Wotarira rumwe rutivi, uye wave chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. "Wabva murufu uchipinda muHupenyu. Zvinhu zvakare zvapera, wava mutsva muna Kristu!" Ameni!

159 O-o, Ndapota, rega ndikugombedzere, hama kana hanzvadzi yangu muna Kristu. Usarega rumutsiriro urwu ruchikupfuura. Unofanira kugamuchira Mweya Mutsvene. Ko Chii? Mweya waMwari. Wakapuwirwei? Kukutungamira, kukuratidza, kukuzadza, kukuchenesa, kukupinza, muChechi.

Chechi chii, shoko rokuti *chechi* rinorevei? "Vakadanwa, vakatsaurwa." O-o, ndinoshuva kuparidza panyaya iyi ikozvino! "Vakadanwa, vakapatsanurwa," vatorwa, vakabviswa panyika, vafambi navapfuuri, vanoti pano pasi hatina guta ratinoshuva kugara. O-o, imiwe!

160 Sokufamba, kwakaita Abrahama, naIsaka, naJakobho, vachigara mumatende. Vaitaura kuti vaiva vashanyi navaenzi, mbeu yenhaka, nhaka yomumashure uko; vagari venhaka, yababa. Tiri mbeu yavo. "Naizvozvo vaitsvaga Guta iro Muvaki noMugadziri waro ari Mwari." Ameni. Vaitsvaga.

161 Uye, nanhasi, mbeu yavo ichiri kutsvaga Guta rinouya, vachiti, "Handidi kugutsikana munyika ino. Handina chandinoda kuita nenyika ino. Ndinoda, ndiri kutsvaga Guta rakavakwa namativi mana akaenzana. Ndiri kutsvaga Guta rino Hupenyu Husingaperi, uko kusinganyuri zuva, kusina kukwegura, kusingaiti mavara pamubato wegonhi kana, guva mujinga megomo. Ndiri kutsvaga Guta, iro Muvaki noMugadziri waro ari Mwari.

162 Pane nzira imwe chete bedzi yokuriwana. Pane Ibwe rakatemwa pagomo, pasina maoko, rikakungurukira munyika ndokuipwanya, ikaita segorosi . . . kana sehundi paruware." Rega ibwe iri, Kristu Jesu; Ibwe rechigumbuso kunyika, Ibwe rinotsamwisa, Ibwe rinosekwa, chigumbuso kuchechi; rinokosha uye Chikwezvero kumutendi, Ibwe regutsikano, Ibwe rezororo. O-o, imiwe!

Zororo! Ndinoziva kuti ndabva murufu ndichipinda muHupenyu. Mweya wangu wazororo. O-o! "Uyai kwaNdiri imi

mose makaneta makaremerwa, ndichakupai zororo kumweya yenyu." "Chi—chiratidzo chinonyombwa," mu—muprofita akataura kuna Maria. Chichava chiratidzo, zvirokwazvo, chichava chiratidzo. Asi Ichi chichava kugutsikana. Ruchava rudo. Kuchava kugutsikana. Chichava chimwe chaunoziva kuti wabva murufu uchipinda muHupenyu.

163 Hama yangu, hanzvadzi yangu; sehama yenyu, somuranda wenyu muna Kristu, regai ndikugombedzerei, nomwoyo wangu wose. Usarega izvi zvichipfuura, napamusoro pako, kana kupinda napakati pako. Zvigamuchire mumwoyo mako, uchava munhu anofara pasi pano.

Handisi kukuvimbisa mamiriyoni amadhora. Kwete, changamire. Hama Leo, ndinofunga zvakavimbiswa kakawanda, "mamiriyoni amadhora," nezvinhu zvakataurwa navanhu vakasiyana-siyana.

"Kana ukava muKristu, unowana madhora miriyoni wozova murume akapfuma." Hapana zvandinokuvimbisa.

Ndinokuvimbisa izvi, chandingakuvimbisa, ruponeso Rwake. Nyasha Dzake dzakakwana pamuedzo upi noupi. Vanhu paPentekosti, vakanga vasingadi zvavaiva nazvo. Zvino wotaura nezvemamiriyoneya? Vakanga vasingadi zvavaiva nazvo, Hanzvadzi Angie.

164 Ndinoda kuti muimbe naGertie, rimwe zuva, (aripi?), *Homecoming Week*, rimwe zuva. Vazhinji vavo vakafa kubva panguva iyoyo. O-o, zvangu!

Havana kukumbira zvinhu zvikuru. Havana kukumbira mari. Munozivei, Petro akati, "Sirivheri nendarama handina, asi chandinacho, ndinokupa."

Uye ndinoti manheru ano, shamwari. Mufaro, rudo, kugutsikana, kwandinako muna Kristu nokumuka Kwake, ndizvo zvandinazvo, ndinokupa; ndinokupai, savana vaMwari.

Uye uya ugare pamuchinjikwa kana Mwari akakudaidza, uye usabvapo. Kana mauya mangwana manheru, munopinda muno mogara kusvika tapedza; kana kuti mouya kuno tokunamatirai nokuisa maoko pamusoro. Enda . . . Ndihwo hurongwa hweBhaibheri, kuisa maoko pamusoro pavo kuti vawane Mweya Mutsvene. Sure kwaizvozvo, moenda kudzimba dzenyu . . . Kana mukagarako, mukapedza husiku hwose, pedzai zuva rinotevera, nerinotevera, garai zororo rose, garai kusvika kutanga kwegore, rambai makagara, garai kusvika.

165 Kuti, chipi nechipi chatinokurairai mangwana manheru, tichikuratidzai muBhaibheri zvinofanira kuitika, zvichauya. Kana Zvazouya, hapana madhimoni angakwanisa . . . Munoziva kuti mabva murufu muchipinda muHupenyu. Maya chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Mabhera omufaro okuDenga acharira.

166 Hama Othal, ndinokuudzai, zvinotungidza mwoyo wenyu. Ari pano mukomana akura agere pano, hama yangu yakura, aiva tsotsi achifamba nepfuti dziri parutivi, achitsvaga munhu apa naapo, munhu wokupfura. Zvino chii chakaitika? Rimwe zuva akatarira akatenda kuHupenyu. Akaenderera mberi. Achitevera misangano yangu. Murume uyu murombo, asina kudya kwakakwana, akarara achikotsira mumakwenzi parutivi petende, aine nzara nenyota. Rimwe zuva Mweya Mutsvene ukauya. O-o, hama yangu, zvakakushandura, hazvina here? Zvakaunza Hupenyu, ndokubvisa rufu. Ruvengo rwakabva, rudo rukapinda. O-o, imiwe! Ruvengo negakava zvose zvakabva; Hupenyu hutsva hukapinda.

Tarisa pano uone vamwe pamusoro pavamwe, vamwe pamusoro pavamwe, nekose uku. O-o, mabhera omufaro okuDenga achirira! Shamwari, handina nzira yokuzvitsanangura.

167 Inzwai, kuti ndikusiirei izvi, kana matenda chapupu changu, somuranda waKristu, uye ndaedza kukuratidzai kuti ndizvo kubva muBhaibheri raMwari. Uye kana mashoko angu achiita sokusanzwisisika panyaya iyi, tarisa mufananidzo uyo mune zveSainzi. Tarisa chibereko chinoberekwa neShongwe yoMwoto iyi yaitungamirira Vana vaIsraeri, wona zvaInobereka. Onai zvaInoita, zvaInotaura.

Handisirini ndinotaura; Ndiye anotaura nomauri, munoona? Handisini ndinoona zviratidzo; Ndiye anotaura nomauri. Handisini ndinopodza varwere; Ndiye ari mauri, anopodza varwere. Handisini ndinoparidza; ndiri mbwende yokupedzisira, ingatize kungofunga bedzi nezvazvo, asi Ndiye anotaura nomandiri. Handizivi Shoko; asi Iye anoRiziva. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Ndizvo zvazviri.

Ndipo paAri. Mutumwa mumwe chete waMwari ari pano chaipo mumba muno manheru ano. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mipepeti.] O-o, ndinoMuda sei!

168 Zvino, vangani vanoda kugamuchira Mweya Mutsvene? Wongororai Hupenyu hwenyu. Vangani vasati vaUgamuchira, asi vachida? Sumudzai maoko enyu, muti, "Hama Branham, kubva pakadzika pomwoyo wangu, ndinoda kugamuchira Mweya Mutsvene." Mwari akukomborerei, kose-kose.

169 Vangani venyu vakaUgamuchira, vanoda kuita sezvavakaita muna Mabasa 4, muti, "O-o Ishe, O-o Ishe, tambanudzai ruoko Rwenyu rwokupodza, nokuita zviratidzo namashura muZita roMwana Wenyu mutsvene, Jesu, ndipei kushinga kose norudo, pakutaura, uye kuzadzwa patsva"? Hongu, norwanguvo. Mwari, Ndipei Iwo.

Ngatikotamisei misoro yedu, mukutendeka kwakaperera, mumwe nomumwe akabata chido chake mumwoyo make.

170 Ishe Jesu, tinovhara ungano ino duku manheru ano, mushure mokuyanana paShoko noMweya Mutsvene. Watikomborera chaizvo nokudurura mafuta eShoko Rake mumwoyo yedu! Pana vaparidzi, pana varume pano vanobva kwakasiyana siyana muhupenyu, vakaravira nokuona kuti Ishe akanaka. Zvino tava kuziva kuti Mweya Mutsvene chii, ivimbiso yaMwari. Hupenyu Husingaperi kuna vose vanotenda.

171 Zvino tinoziva kuti Mweya Mutsvene waiva Mweya waJesu Kristu watakadzorerwa, uye Ari matiri nhasi, sokuva kwakaita Mwari pamusoro pedu, ari muShongwe yoMwoto; akafamba nesu, mu. . . mutumbi wainzi *Emanueri*, "Mwari anesu"; ikozvino Ari matiri, noMweya Mutsvene, Mwari matiri. O-o!

Jesu akati, "Nezuva iro muchaziva kuti ndiri muna Baba, nemi maNdiri, Neni mamuri. Muchazvinzwisisa pazuva iro. Nokuti, uri munyika yerima, tingadaro, ikozvino, asi muzuva iroro muchazvinzwisisa."

172 Baba, hazvingagoni kujekeswa nokukwanisa, nokuti kana zvadaro hapana patingaisa kutenda kwedu. Nokuti mabasa ose aMwari anoitwa nokutenda. Uye nokutenda Shoko Renyu, chapupu muMweya Mutsvene watinoziva kuti uri pano zvino, ndinokumbira kuti mweya wose une nzara muno uzadzwe noMweya Mutsvene. Avo vasinaWo, asi vari kunzwa nzara yaWo, ingorangarirai. . . Tingati kwavari, Ishe, sezviya zvaMakataura muchiti, "Vakakomborerwa vane nzara nenyota. Vachagutiswa." Ivimbiso. Atori maropafadzo kuva nenzara. Wakaropafadzwa kungoziva kuti Mwari ataura newe. Nokuti Zvakanzi, "Hakuna munhu angauya kwaNdiri kusiya Baba Vangu vamudaidza kutanga."

173 Zvino, Ishe, avo vari mhare dzakare muno, vasumudza maoko avo. Rwangu ndasimudzavo. O-o Ishe, tipei simba, tipei Simba rokutambanudza ruoko rwoMwana Wenyu mutsvene Jesu, kuti zviratidzo namashura zvigoitwa, kuti ive shumiro yakasimba, chive chinhu chikuru kudarika chati chamboitika. Tipei kushinga norudo, rwokutaura kuvanhu. Zviitei, Ishe. Ivai nesu muna zvose, tinokumbira muZita raJesu.

174 Uye mangwana manheru, Ishe, dai kwauya mhepo inovhuvhuta nesimba, mumba muno, kuti zvigoita sezuva rePentekosti. Nheyo dzaiswa. Gadziriro yose yapera. Nzombe dzaurawa, dzakakora dzaurawa, makondobwe aurawa; tafura yagadzirwa, vaenzi vakokwa. O-o Ishe, tumirai mhemberero yePentekosti, mangwana manheru, mumba muno, muzadze mweya wose nebhabhatidzo yoMweya Mutsvene. Zviitei, Baba. Tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

. . . we'll learn a lot of things,
We'll have a harp that's made of gold, perhaps
a thousand strings;

We'll sing and shout and dance about, the lamb
will dry our tears;
We'll have one home-. . . grand homecoming
week the first ten thousand years. Ameni!

The precious Blood of God's Own son has
cleansed and sanctified
A wondrous people for His Name and they are
called the Bride.
Though here neglected and despised, one day
the Lord will bring
Those chosen ones within the gate, and that's
worth everything.

When we're inside the gates of pearl, we'll
learn. . .

Mweya Mutsvene Wakapuwirwei? SHO59-1217
(What Was The Holy Ghost given For?)
The Holy Ghost series

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu China manheru, Zvita 17, 1959, pa Branham Tabhenakiri ku Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1993 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org